# Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# Адыгэ псалъэ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№95-96 (23.254) • 2016 гъэм накъыгъэм (майм) и 21, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр тумэнитIщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэм ирихьэлIэу цIыхухэм Зэрызахуигъазэр

ЦIыху куэд зыхэкIуэда икIи адыгэ лъэпкъым гузэвэгъуэшхуэ къыхуэзыхьа Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 152-рэ ирокъу.

А гуауэр дигу къыщыдгъэкIыж, Кавказ зауэм хэкIуэда псоми ди щхьэр щахуэдгъэщхъ мы махуэм дэ апхуэдэу дрогушхуэ гузэвэгъуэу зыхэтахэмрэ гъэунэхуныгъэ хьэлъэхэмрэ щхьэкIэ къэмынэу адыгэ лъэпкъым зэрызиужьам, абы хэлъ зэхэщIыкIымрэ зэфIэкIымрэ зэригъэбэгъуам. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ар ди лъэпкъым и щIэблэ псоми я фIыщIэщ икIи дэ абыхэм пщIэшхуэ яхудощI.

БлэкIам дыщыхэплъэжкIэ дэ зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым урысхэмрэ адыгэхэмрэ лIэщIыгъуэ куэд лъандэрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм адыгэ лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIар. Урысей къэралыгъуэм езым и жэрдэмкIэ зэрыхыхьар сэбэп хъуащ адыгэ лъэпкъыр хамэщI зэрыпхъуакIуэхэм ятекIуэнымкIэ, и адэжь хэкур, и бзэр, и щэнхабзэр ихъумэнымкIэ икIи абы къытхуэзэIуихащ экономикэ, социальнэ, жылагъуэ зыужьыныгъэм и гъуэгур.

Шэч къытесхьэркъым дэ адэкIи зэпIэзэрыту зыдужьынымкIэ, ди къэкIуэнур тэмэму щытынымкIэ хэкIыпIэр Урысей Федерацэм ис лъэпкъ псоми быдэу дакъуэтыныр арауэ зэрыщытым.

Адыгэ макъ

Черкес хэку

НАРТ

Номер 110 зэхэт

Хасэ

Шапсугия

Черкесское зарубежье

# Тхыдэм дерс тэрэз къыхэдвгъэх

__Ди лъахэм къещэ зэрыпхъуакIуэхэм зэи дагъэтыншакъым. Курыт лIэщIыгъуэхэм къыщыщIэдзауэ адыгэхэм лъы ягъажэ зэпытащ я хуитыныгъэм папщIэ.__

ПСОМ хуэдэтэкъым Урыс-Кавказ зауэр. Илъэсищэм щIигъукIэ (1763 - 1864) екIуэкIащ ар. Лъапсэрыхыр къытхуихьащ а зауэжьым. Абы и мафIэ лыгъэм хисхьащ адыгэ минищэ зыбжанэ. Къелам я нэхъыбапIэм хэкур ирагъэбгынэри, дунейм текъухьа хъуащ. Адыгэхэм игъащIэкIэ ящыгъупщэнукъым Урыс-Кавказ зауэм къахуихьа насыпыншагъэмрэ гукъутэгъуэмрэ. АбыкIэ ахэр зыгъэкъуэншэфын щыIэкъым, ар гъэткIугъуафIэкъым.

Тхыдэр щыгъуазэщ зауэр зыублар езы адыгэхэр зэрыармырам. Шэрджэсхэр а зауэ гущIэгъуншэм хэзыдзар урыс пащтыхьым и дзэзешэ къанлыхэрщ. Ахэр топрэ мафIэкIэ къащылъиихьэм, адыгэхэм Iэщэ къащтэн хуей хъуащ, я адэжь хэкур яхъумэжын папщIэ.

Зауэм и кIэр хьэдагъэщ щыжаIэ махуэхэм ящыщ зы хъуащ накъыгъэм и 21-р: 1864 гъэм и ужькIэ Кавказым къинэжар шэрджэс мини 100 иримыкъут. Абы и зэранщ адыгэхэм я щIыналъэри, къанэ щIагъуэ щымыIэу, зэрафIэкIуэдар.

ЩIэблэм дежкIэ дерс куэд къыхотэджыкI ди тхыдэм. Ар щыдджкIэ, дигу илъ зэпытын хуейщ ди къалэн нэхъыщхьэхэр. Лъэпкъ цIыкIухэр къыщыщIэрэщIэж лъэхъэнэщ нобэ. ДэркIэ фIыгъуэщ ди лъахэр щIэращIэмэ, ди цIыхухэр зыхэт гугъуехьхэр нэхъ мащIэ хъумэ, Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм дехьэдехуэу зыдужьмэ, ди щIыналъэм ныбжьэгъугъэрэ мамырыгъэрэ фIэкI имылъмэ. Къэбэрдейхэр, шэрджэсхэр, кIахэхэр игъащIэ лъандэрэ зыщIэхъуэпса къэралыгъуэ дгъуэтащ нобэ, абы и лъабжьэр гъэбыдэнырщ псори дызытелэжьэн хуейр. Зыми тщыремыгъупщэ: зэманымрэ тхыдэмрэ къуат Iэмалхэр и чэзум къыумыгъэсэбэпмэ, абы утеплъэкъукIрэ лъэбакъуэ пхэнж пчымэ, уIэбэкIэ улъэIэсыжынукъым - апхуэдэ къыщытщыщIа къэхъуащ, тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэщи...

Адыгэ лъэпкъхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм къалэн къытщещI ар дигу илъ зэпыту щытын хуейуэ. А зы махуэм фIэкI дигу щыхэщIын махуэ дремылъагъуж дяпэкIэ - аращ дэтхэнэ адыгэми и хъуэпсапIэр.

КъызэралъытэмкIэ, мелуаниблым щIегъу Урыс-Кавказ зауэм дунейм трикъухьа адыгэхэм я бжыгъэр. Къэрал тхущIым щIигъум щопсэу ахэр. Зэрыс хэкухэм пщIэшхуэ щаIэщ ди лъэпкъэгъухэм, дзэпщ, лIыщхьэ, дипломат, къулыкъущIэ, щIэныгъэлI, тхакIуэ, спортсмен цIэрыIуэ куэд къахэкIащ Тыркуми, Иорданиеми, Сириеми, нэгъуэщI къэралхэми щыпсэу адыгэхэм. Ар щыхьэт тохъуэ адыгэхэр зэрылъэпкъ лъэрызехьэм, лIэщIыгъуэрэ ныкъуэм щIигъуауэ хэхэсми, я гуащIэмрэ я зэхэщIыкIымрэ зэрымыкIуэщIам. Ар дэнэ къэна, иужьрей илъэсхэм нэхъри дэкIуэтеящ дэнэ къэрали щыпсэу шэрджэсхэм я пщIэр, я гуащIэр нэхъри къеблащ, я бзэр, хабзэр хъума зэрыхъуным, я щIэблэр къэгъэушыным нэхъ пылъ зэрыхъуари нэрылъагъущ. Адэжь щIыналъэм къина адыгэхэми зыщауж Урысей Федерацэм хыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм. Ди лъэпкъхэм яхузэфIэкIащ зи пщIэр лъагэ щэнхабзэ, литературэ, гъуазджэ зэрагъэпэщын, щIэныгъэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ я гъуэгу мытыншыр дахэу якIу, я псэукIэмрэ я экономикэмрэ зэрефIэкIуэнырщ ахэр зыхущIэкъури зыхуэлажьэри.

Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 152-рэ щрикъу махуэм теухуащ «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку», «Нарт», «Хасэ», «Шапсугия», «Черкесское зарубежье» газетхэм зэгъусэу ягъэхьэзыра мы къыдэкIыгъуэр. Номер зэхэтым щыгъуазэ фищIынущ дяпэ итахэм хэкум и хуитыныгъэм папщIэ ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэ кIыхьым и тхыдэм, дерс тэрэз абы къызэрыхэтхыпхъэм, щIалэгъуалэр фIым хуэгъэсэн зэрыхуейм.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ», «Нарт», «Хасэ», «Черкесское зарубежье» газетхэм я редактор нэхъыщхьэ.*



# Нобэ Налшык транспортыр зэрыщызекIуэр

● Гу зылъытапхъэ

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 152-рэ зэрырикъум теухуа дауэдапщэхэр зэрыщыIэм къыхэкIыу накъыгъэм и 21-м Налшык и уэрамхэм транспортыр зэрыщызекIуэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэнущ.

Транспорт лIэужьыгъуэ псори пщэдджыжьым сыхьэти 9.00-м щегъэжьауэ щыгъуэ Iуэхухэр зэфIэкIыху щызекIуэнукъым Ленинным и уэрамым щыщу гъущI гъуэгу вокзалым къыщыщIэдзауэ Балъкъэр уэрамым нэсыху. Апхуэдэу республикэм и щIалэгъуалэр кърикIуэн зэфIэкIыху транспортым и лIэужьыгъуэ псори трагъэхьэнукъым ЩоджэнцIыкIум и уэрамым щыщу Балъкъэр уэрамым щегъэжьауэ КIыщокъуэм и уэрамым нэсыху къриубыдэм, Лермонтовымрэ Пушкинымрэ я уэрамхэм, Пушкинымрэ КIыщокъуэмрэ я уэрамхэм я зэблэкIыпIэхэм.

Апхуэдэ дыдэу Ленинным и уэрамым щыщу гъущI гъуэгу вокзалым щегъэжьауэ Балъкъэр уэрамым нэс хиубыдэ зэпрыкIыпIэхэми транспортыр щызэрагъэкIуэнукъым.

Щхьэхуитыныгъэм и хадэм щыIэну пэкIур зэхэкIыжыху, жылагъуэ транспортым фIэкI щызэрагъэкIуэнукъым КIыщокъуэм и уэрамым щыщу ЩоджэнцIыкIум и уэрамымрэ ЕтIуанэ Тамань дивизэм и цIэр зезыхьэ уэрамымрэ я зэхуакум хиубыдэм, Къэбэрдей уэрамым щыщу Малэ Къэбэрдей уэрамымрэ КIыщокъуэм и уэрамымрэ я зэхуакум хиубыдэм.

# Накъыгъэм и 22-м екIуэкIыну IэIэтым теухуауэ

● Хэхыныгъэхэр

__«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и федеральнэ комитетым иригъэкIуэкIащ щIыналъэхэм я къызэгъэпэщакIуэ комитетхэр зыхэта видеоконференц. Ар теухуауэ щытащ накъыгъэм и 22-м УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыныгъэхэм и пэ къихуэ IэIэтыр зэрекIуэкIыну щIыкIэхэм.__

IЭIЭТЫМ и хабзэхэр игъэбелджылащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Секретарь нэхъыщхьэ **Неверов Сергей**.

- Накъыгъэм и 22-м IэIэтхэр зэIухауэ екIуэкIынущ. Дэ ди къалэнщ ахэр хабзэм къызэригъэувым тету къызэдгъэпэщыныр. Депутат хъуну хуейхэм я Iуэху еплъыкIэр щыжаIэ зэIущIэхэр щIыналъэхэм щекIуэкIащ. Дэтхэнэ кандидатри хэтащ апхуэдэ зэIущIэу тIум е нэхъыбэм. Бюллетенхэр щIыналъэ псоми яIэрыхьащ. Кандидатхэм щадэIэпыкъуа семинархэр екIуэкIащ, абыхэм екIуэлIащ цIыху 800-м нэблагъэ. Апхуэдэу, къызэIутхащ пэщIэдзэ IэIэтым и сайт. Кандидатым Iэмал иIэщ абы езым теухуауэ щыжиIэнуIауэ е и гупсысэ къыщигъэлъэгъуэну, - жиIащ Неверовым.

Къэпсэлъам къыхигъэщащ партым и Комитет нэхъыщхьэр Iуэхур зэрекIуэкIым набдзэгубдзаплъэу зэрыкIэлъыплъыр, щIыналъэхэм зэрадэлажьэр.

- Дэ къытIэрыхьащ IэIэтхэм хэхакIуэхэр ешэлIэным папщIэ транспорт къахузэгъэпэщыным теухуа лъэIу тхыгъэхэр. А лъэIур дгъэзэщIэнукъым, сыту жыпIэмэ, IэIэтым екIуалIэхэм я бжыгъэракъым нэхъыщхьэр. Езым и фIэфIыныгъэкIэ абы екIуэлIэнум зэрыкIуэн Iэмали къигъуэтынущ. ЩыIэщ дзэ къулыкъум пэрытхэу е студентхэу пIалъэкIэ нэгъуэщI щIыпIэ кIуахэм а здэщыIэм Iэ щаIэт хъунрэ мыхъунрэ щIэупщIэхэр. Абы и жэуапри пыухыкIащ - щхьэж щытха щIыпIэращ Iэ щиIэтыну хуитыр, - жиIащ Неверов Сергей.

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Секретарь нэхъыщхьэм зэрыжиIамкIэ, къэралым къыщызэрагъэпэщащ Iэ щаIэтыну участкэ 19.078-рэ.

Неверов Сергей къыхигъэщащ СМИ-м и лэжьакIуэхэр хэхыныгъэхэр щекIуэкI щIыпIэ псоми зэрыщыIэн хуейр.

Видеоконференцыр иуха нэужь, ди республикэм IэIэтым зэрызыщыхуагъэхьэзырым и гугъу ищIащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и секретарь, кандидатхэр щыхах IэIэтым и къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI **Бозий Натбий**.

Накъыгъэм и 22-м КъБР-м щылэжьэнущ Iэ щаIэтыну щIыпIэ 73-рэ. Нэхъапэм кандидат 12 ятхауэ щытамэ, иджы ахэр 11 хъужу аращ. УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и аппаратым зэрыхагъэхьам къыхэкIыу, Шэт Ирмэ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр къулыкъур къигъэнати, езым и лъэIукIэ ар кандидатхэм хагъэкIыжащ.

Бозий Натбий жиIащ IэIэтым екIуэлIэну журналистхэм къызэгъэпэщакIуэ комитетым зыщрагъэтхын зэрыхуейр. СМИ-м дэлэжьэнущ «Урысей зэкъуэтым» и щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI **Парафилов Дмитрий**.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



# Геккиев Заур СНГ-м и парламентархэм я зэIущIэшхуэм хэтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм хэт Геккиев Заур накъыгъэм и 19 - 20-хэм щыIащ Къэрал Щхьэхуитхэм я зэгухьэныгъэм хиубыдэ къэралхэм я Парламентхэм я Ассамблеем политикэ Iуэхухэмрэ къэрал щIыб зэдэлэжьэныгъэмкIэ и комиссэм Санкт-Петербург щригъэкIуэкIа зэIущIэм.

СНГ-м хыхьэ къэралхэм я парламентархэр тепсэлъыхьащ хьэршыр къэхутэнымрэ ар къэгъэсэбэпынымкIэ къэралхэр зэрызэдэлажьэм, биоэнергетикэм зегъэужьынымкIэ закон нэхъыщхьэхэр зэрагъэхьэзырым, экологие экспертизэм, нэгъуэщIхэми.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

**Карчаевэ А. Хь. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и IуэхукIэ**

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Карчаевэ Аминат Хьэдис и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм накъыгъэм и 16-м*
*№51-УГ*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ советыр зэхуэщIыжыным и IуэхукIэ**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ советыр зэхуэщIыжын.
2. Къару ямыIэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ Жылагъуэ советым и IуэхукIэ» 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкIа Указ №112-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым и IуэхукIэ» 2012 гъэм гъатхэпэм и 6-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Указ №46-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 6-м къыдигъэкIа Указ №46-УГ-мкIэ къиищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» 2013 гъэм мазаем и 6-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Указ №19-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм накъыгъэм и 19-м*
*№54-УГ*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

**Аслъэн I. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр фIэщыным и IуэхукIэ**

Музыкэ гъуазджэм зегъэужьыным ехьэлIауэ куэд зэрилэжьам къыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр фIэщын **Аслъэн Iэсият Мухьэмэд и пхъум** - «Къэрал музыкэ театр» къэрал щэнхабзэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и «Бжьамий» ансамблым и уэрэджыIакIуэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм накъыгъэм и 19-м*
*№56-УГ*

БЕМЫРЗЭ Мухьэдин

## Лъэlу

Адыгэ лъэпкъым и Iэпкълъэпкъ пщыкIутI -
Адыгэ анэм и зэш бын гъуэзэджэ,
Фэ адэжь хэкум вагъуэу фыщылыдт,
Фыкъэзылъагъухэр къывэхъуапсэу зэкIэ.
Натхъуэджыр, беслъэнейр, еджэрыкъуейр,
Жанейр, мэхъуэшыр, хьэтыкъуейр, шапсыгъыр,
ИтIанэ абазэххэр, къэбэрдейр,
Адэмей лIакъуэр, кIэмыргуейр, бжьэдыгъур.
Кавказым и дахапIэр фэ фи хэкут,
ЩIыгулъым я нэхъ бейр фи хьэсэ щIапIэт,
Къэрал зэмыщхьхэм къыфхухашу гъуэгу,
Фи тенджыз Iуфэр яIэт кхъухь тедзапIэу.
Иджы фэ дуней псом фыщикъухьащ...
Фэрыншэу нэщхъеялэщ чэщей мэзхэр,
Фэрыншэу, уэгум вагъуэ щипхъыхьар
Мэкъуауэ бадзэу, мафIэ нэпцIкIэ мэсхэр.
Адыгэ лъэпкъым и лIакъуэ пщыкIутI,
Iэпкълъэпкъыу цIыхум фэ фхуэдизщи иIэр,
Зыгуэр фыхэщIу и гур ивмыуд,
Фи псэунигъэр гурыфIыгъуэу зиIэм.

## Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 21, *щэбэт***

- **Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ махуэщ.** Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм 1992 гъэм мазаем и 7-м къиищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ.
- **Урысейм и ВМФ-м и Хы Щэху флотым и махуэщ**
- **2004 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ.
- Къэрал къулыкъущIэ, УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэ **Чайкэ Юрий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
- Урысей Федерацэм зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр, УФ-м и ЛIыхъужь **Шойгу Сергей** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

__Дунейм и щытыкIэнур__

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градус 11 - 15 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 22, *тхьэмахуэ***

- Тыркум щыщ спортсмен, Европэм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпион, 1948 гъэм екIуэкIа Олимп Джэгухэм дыжьын медаль къыщызыхьа **Джандемыр (Гугъэв) Адыл** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.
- Германием къикIыжа, Мейкъуапэ щыпсэу, филологием и доктор, ЩIДАА-м и академик **Озбек (Едыдж) Батырай** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

__Дунейм и щытыкIэнур__

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 22-рэ, жэщым градус 12 - 16 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 23, *блыщхьэ***

- Шахматист цIэрыIуэ, дуней псом и чемпион, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Карпов Анатолий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
- Адыгэ хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ, «Шиферник» ОАО-м (Краснодар) и генеральнэ директор **Сагуэ Хьид** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

__Дунейм и щытыкIэнур__

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 20, жэщым градус 13 - 15 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Хабзэжь хэкужь къуанэркъым.**

● Жыжьэ - гъунэгъу

# Кавказ зауэр еух, е 1864 гъэм накъыгъэм и 21-м

**1864 гъэм накъыгъэм и 21-м дунейр уфауэ, кIагъэпшагъэу, къепсэпсауэу нэху щащ. Къуэбыдэ (Мзымтащхьэ, убыххэм я лъахэм) щиувыкIа дзэм я гуфIэгъуэт: Кавказ зауэр иухат, абы и саулыкъукIэ Къуэбыдэ нобэ парад щекIуэкIынут.**

МАХУЭР сыхьэт 11 хъуащ. Iуащхьэм къытеуващ Кавказым и тет дзэпщышхуэр - урыс пащтыхьым и къуэш Михаил Николаевич. Абы къыбгъэдэтт генералхэр, офицерхэр, Георгий орденыр зратахэр. Тхьэ елъэIуа нэужь, дзэпщыр Iуащхьэм къехри, адэ-мыдэкIэ щиувыкIа полкхэм, батальонхэм, шуудзэхэм фIыщIэ яхуищIащ, «мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ Iуэху хьэлъэр зэрызэфIагъэкIам папщIэ». Дзэпщым жиIащ: «ГуфIэгъуэм сызэщIиIэтэу, фи лIыгъэм и пщIэр слъытэу, Кавказ армэм и дзэлI хахуэхэм сынывохъуэхъу... Кавказ зауэм кIэ зэригъуэтамкIэ, зауэм къыщывгъэлъэгъуа фи лIыгъэмкIэ, гугъуехьым фыпэлъэщурэ, фэ къулыкъу ин дыдэ хуэвлэжьащ Пащтыхьымрэ Адэ лъахэмрэ: къурш быдапIэхэми, бгырыс хъыжьэхэми, уаеми, хуабэвэхми фыкъызэтрагъэувыIэфакъым фэ, псори фшэчащ, псори къызэвнэкIащ, лъы вгъажэ зэпытурэ, икIи фи мурадым фылъэIэсащ. ФIыщIэ хузощI ди Iуэхур къыдэзыгъэхъулIа ди Тхьэшхуэм! Адэ хэкум пщIэрэ щIыхьрэ къыфхуещI фэ, Кавказыр къэзызэуа лIыхъужьхэм! Мы нобэрей гуфIэгъуэмрэ мы дакъикъэ телъыджэмрэ ямылъэгъуауэ зауэм хэкIуэда фи ныбжьэгъухэм я фэеплъыр мыкIуэдыжынщ!»

Къуэбыдэ щиувыкIа дзэр щыгъуазэ ящIащ император Александр II къигъэхьа хъуэхъуми: «Си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхузощI текIуэныгъэ иныр къытхуэзыхьа дзэпщхэм, офицерхэм, зауэлIхэм. Абыхэм зэрахьа лIыгъэм срогушхуэ сэ».

Кавказ зауэм «лIыгъэ щызезыхьахэм» я пщIэр текIуэдакъым урыс пащтыхьым. Дзэпщым, Михаил Николаевич, къратащ Георгий орденым и 2-нэ классыр, налкъутналмэскIэ гъэщIэрэщIа сэшхуэ, «Кавказ зауэр зэриухам и щIыхькIэ» псалъэр тетхауэ. Пащтыхьыр «и къуэш хахуэм» къехъуэхъуащ «Илъэсищэрэ щэ никъуэрэ и пэкIэ бгырыс Iэлхэм зэхаубла лъыгъажэ зауэм кIэ зэрыритам щхьэкIэ». Нобэ щыщIэдзауэ, - къехъуэхъуащ пащтыхьыр и къуэшым, - Кавказым зы лъэпкъ жыIэмыдаIуэ къинэжакъым.

Кавказ зауэм хэта псоми пащтыхь унафэкIэ къратащ абыхэм хуащIа жорхэмрэ медалхэмрэ - бгырысхэм я лъахэм щагъэжа лъымрэ щызэрахьа «лIыгъэмрэ» я уасэу.

Георгий орденым и 2-нэ классыр къратащ граф Евдокимовым. Абыи къехъуэхъуащ пащтыхьыр: «Илъэсищэрэ щэ никъуэкIэ дызыхэта зауэ гуащIэм кIэ езытар уэращ, уэ пхузэфIэкIащ щIыналъэ дахэр бгырыс Iэлхэм къаIэщIэпхын».

Дамыгъэ лъапIэхэмрэ фэеплъ бэракъхэмрэ иратащ адыгэ лъахэм лъы щызыгъэжа полк, батальон, шуудзэ псоми.

**ЭСАДЗЕ Семён**
*зэритхамкIэ.*


Адыгэ зауэлI.
*Сурэтыр* **Орловский Александр** *ищIащ. 1830 гъэ*

● Лъэпкъ ущие

# IэнатIэ хэплъэгъуэ

### Къэбэрдей Лъэпкъ Хасэм и пащхьэм ХьэтIохъущокъуэ Исмел 1805, 1806 гъэхэм щыжиIар

**ХьэтIохъущокъуэ Исмел адыгэ лъэпкъ цIэрыIуэм къыхэкIащ, 1787-1791 гъэхэм екIуэкIа урыс-тырку зауэм хэтащ, иужькIэ епщыкIуиянэ лIэщIыгъуэм и кIэухым щыщIэдзауэ, дунейм ехыжыху, Къэбэрдейм къыщыхъуа Iуэху псоми хэтащ, и цIэр адыгэхэм ящыгъупщакъым нобэр къыздэсым, М.Ю. Лермонтовым и поэмэ цIэрыIуэм («Измаил-бей») и лIыхъужь нэхъыщхьэщ.**

**1805 гъэм Гумыщхьэ щызэхэта адыгэ лъэпкъ хасэм зэрыщыжиIамкIэ, ХьэтIохъущокъуэ Исмел илъэс тIощI и пэкIэ щIалэ дыдэу икIауэ щытащ Къэбэрдейм, и адэм и унафэм ипкъ иткIэ, «щIэныгъэ зригъэгъуэтын папщIэ» (ХьэтIохъущокъуэ Исмел къыщалъхуар IупщIкъым. Лермонтовым зэритхымкIэ, Къэбэрдейм щикIам щыгъуэ Исмел илъэс пщыкIуплIым итт, абы тепщIыхьмэ, ар къыщалъхуар 1771 гъэрщ).**

Илъэс тIощIым нэсащ сэ хэкум пэIэщIэ сызэрыхъурэ. 1794 гъэм пIалъэ кIэщIкIэ сыкъыфхыхьэжауэ зэрыщытам и гугъу сщIынкъым. Си хэкум и Iуэху зытетым щыгъуазэ зыхуэсщIыным сыхунэмысауэ, си насыпыншагъэм къыдэкIуэри, абы щыгъуэ сыфхэкIыжауэ щытащ. Си щхьэкIэ къызэуэлIа псоми, сытепсэлъыхьыжынкъым, сыту жыпIэмэ, сэ сезыгъэзыр си псэм и щIасэ си хэкур нобэ зыIут IэнатIэрщ, сызыхуэлажьэри абы и фейдэ зыхэлъымрэ тыншыгъуэ зэриIэнымрэщ. Си хэкум сэбэп сыхуэхъун мурадкIэщ сэ унэм сыщIикIари, ди лъэпкъ цIэрыIуэм сыхэсыжатэмэ, гухэхъуэгъуэу сиIэнкIэ хъуну псори къыщIызэзнэкIари, гъащIэм и IэфIыгъэкIэ къызэтэ щIалэгъуэм сыщIемыблари. А псори IэщIыб щIэсщIар, вжызоIэ сэ, щIэныгъэм зезыгъэузэщIа, цIыхур зэгурызыгъэIуэфын хабзэхэр зэзыгъэпэщыфа лъэпкъхэр зэзгъэцIыхун щхьэкIэщ. Си лъэпкъэгъухэм фIыгъуэ къезгъэуэлIэн папщIэ, бжьэм хуэдэ сыхъуным сыщIэкъуащ сэ, сэбэп хъупхъэр зэщIэскъуэурэ си хэку лъапIэм къислъхьэныр си хъуэпсапIэти. Зи пщIэр лъагэ тхьэмадэхэ, фэ фпэIэщIэ сызэрыхъуар сигу къеуэми, ар зыхуэзгъэшэчащ, сыкъыфхыхьэжа нэужь, зыгуэркIэ зэбэп сыхъуфмэ, ар сэркIэ зэрынасыпым шэч къытесхьэртэкъыми. Къэзгъэзэжауэ сыфхэтщ нобэ. Ауэ сыт сэ сыкъызрихьэлIэжар, ди Тхьэ! Си лъахэм и унэхъугъуэ махуэр си нэгу щIэбгъэкIын щхьэкIэ, ди Тхьэ, уигу къыщIызэбгъар!.. Насыпыншагъэу къывэуэлIа псор фи деж щыслъагъуркъым сэ. Ар сигу къызэреуэр вжесIэу аращ. СывэупщI къудейщ: щхьэ ехуэха къэбэрдей лъэпкъым и пщIэмрэ и щIыхьымрэ? Хэт ар зи лажьэр? Пщыхэми, уэркъхэми зэрылъэпкъуи щхьэ зыщывгъэгъупща хэкум и хуитыныгъэмрэ абы зегъэузэщIынымрэ нэхъ лъапIэ щыIэнкIэ зэрымыхъунур? Ижь лъандэрэ пщIэрэ щIыхьрэ зиIа ди лъэпкъыр зэрыхэкIуэдэжыр флъагъуркъэ? Фигу къеуэркъэ ар, жызоIэ! Хьэуэ, КъурIэным сытеIэбэурэ тхьэ фхуэсIуэнщ гукъанэ фхуэсщIын мурад сызэримыIэмкIэ. Щхьэж и гукъанэ ирирекъухи, Тхьэм девгъэлъэIу ди лъэпкъым фIыгъуэ хуэдлэжьыфын щхьэкIэ, гуащIэрэ акъылрэ къытхилъхьэну.

Ди адэм и унафэм седаIуэри, си гум къыщIитхъыу сикIауэ щытащ сэ ди хэкум. Урысейм сыкIуащ, сфIэмыфIми. Я хабзэри сигу техуэртэкъым сащыхыхьагъащIэм. Гугъу сыдехьурэ зэзгъэщIащ я бзэр, ар зэзгъэщIа нэужьщ я хьэл-щэнкIэ нэхъ щысцIыхуар. Дэ тхэмылъ куэд ядэслъэгъуащ абыхэм, ядэслъэгъуащ дэ зэдмыгъэкIуэ куэди. Урысейр къэралышхуэщ, щIэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ зыщиубгъуащ. Урыс къэралыр къулейщ, и къарур, и гуащIэр инщ, цIыху мелуан щэщIрэ хырэ исщ абы икIи, пащтыхьыр хуеймэ, а цIыху бжыгъэм и Iыхьэ щанэр зауэлI хуэхъунущ. Къэрал лъэщым дыщригъунэгъукIэ, ар къызэрытщхьэпэным иужь дитын хуейщ дэ, ди щхьэр тхъумэжын папщIэ. Фи фIэщ фщIы, си лъэпкъэгъу лъапIэхэ, ди акъыл дитыжмэ, ди гъунэгъу лъэщым и ней зыщыдгъахуэ зэрымыхъунур.

Ди гум зэи имыху адэжь Iущхэм я уэсятщ а къэрал лъэщым и жьауэм дыщIэтын хуейуэ. Фэри зэрыфщIэщи, динкIэ ди благъэ Тырку къэралыр къарууншэ дыдэ хъуащ...

Персхэри муслъымэнщ, ауэ я лIыщхьэхэр зэгурыIуэркъым, зы унафэ яIэкъыми, зыр зым щыхьэжауэ зэрошх. Куэд щIакъым, дызыпэмылъэщынум дыпэуври, ди щхьэр хэтлъхьащ, ди пщIэри ехуэхащ. Акъыл зиIэмрэ и хэкур фIыуэ зылъагъумрэ къыгурыIуэнщ дыщыунэхъуну махуэр къызэрыблагъэр. Зи щIыхьыр лъагэ хасэ, дэ псоми долъагъу икIи зыхыдощIэ ди хуитыныгъэр тфIэкIуэдынкIэ шына гъуэ зэрыхъуар. Апхуэдэ насыпыншагъэр, и щхьэр течауэ жысIэнщи, зи лажьэр дэращ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дэ, уеблэмэ зэунэкъуэщхэми, ди акъыл зэтехуэркъым. Абы къыхэкIкIэ ди лъэпкъри зэкъуэткъым, псори зэзыгъэдэIуэн тхьэмадэ диIэжкъым. Пщы щIалэхэр нэхъыжьхэм едэIуэжыркъым, я нэр щIалагъэм къыщепхъуэри, гу лъатэркъым ди лъэпкъым и кIуэдыжыгъуэр къызэрыблэгъам: щхьэзыфIэфIхэм я зэранкIэ лъэпкъым къытохуэ ди гъунэгъухэм я губжьыр, дяпэкIи къытехуэнущ, абы дытетынумэ.

Гъуэщахэр гъуэгу захуэ тришэжын щхьэкIэ, Тхьэм игу къобгъэри егъэунэхъу ахэр, ар зэхамыщIыкIмэ, нэхъри къахуогубжьри, и ней къащохуэ. Ди бегъымбарыращ ар жызыIар, насыпыншагъэ фыхэхуауэ сыкъывихьэлIэжыгъащ зы гъэ сыкъыщыфхыхьэжам, ар къывгурыIуэжауэ гу лъыстэркъым ноби, къывгурыIуэным и пIэкIэ, нэхъей фекIуауэ солъагъу, сыфхоплъэри. Тхьэм игу къыдэбгъауэ шэч сощI иджы: зауэм къытхуихьам ищIыIужкIэ, емынэ уз бзаджэм ди лъэпкъым и зэхуэдитIыр икIуэдыкIащ. И нэр исыжкъым дэ дызыхэт тхьэмыщкIагъэр зымылъагъум, и щхьэр зэкIуэкIащ Тхьэр къызэрытхуэгубжьам гу лъызымытэм.

Фи фIэщ фщIы, пщIэ зыхуэсщI си лъэпкъэгъухэ, ди Iуэхур абы куэдрэ тет зэрымыхъунур. ДызэрызэгурымыIуэм, ди акъыл зэрызэтемыхуэм и зэранкIэ, си лъахэ насыпыншэр хэкIуэдэжауэ Тхьэм симыгъэлъагъукIэ - абы дынэсащ дэ. Тхьэм симыгъэлъагъукIэ лъапсэкIуэдыр къыхуэкIуауэ, ди нэхъыжьхэр, ди цIыхубзхэмрэ ди сабийхэмрэ, зэщIэгъуагэу, гузэвэгъуэр ятелъу, бийм гъэрыпIэм щрихуэну махуэ мыгъуэм Тхьэм дыщихъумэ. Апхуэдэ шынагъуэр къызэрытщхьэщыхьар зихэсщIэрти, аращ Бытырбыху зи ужь сыщита Iуэхур къэзгъанэу пIащIэгъуэкIэ сыкъыщIэкIуэжар. Сэ си нэкIэ слъэгъуащ, щыхьэти сытехъуэфынущ дызыпэува къэралыр къыщичыным зэрынэсам. Сэ слъэгъуащ къыттехьэлъэнкIэ хъуну щыблэм зэрызыкъызэщIищIар. ФызэтеувыIэ, лъэпкъ насыпыншэ, фи акъыл фихьэж, фегупсыс дэр нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъэщым дыпэлъэщынрэ дыпэмылъэщынрэ, ди щхьэр хэдвмыгъалъхьэ, фызэчэнджэщ мы хасэм кърихьэлIахэр, ди лъэпкъым къылъэIэса шынагъуэр зыщхьэщытха зэрыхъунум и унафэр фщIы. КъурIэным сытеIэбэурэ псом япэ Тхьэ сIуэнщ унафэр захуэмэ, цIыхур зыгъэжакъуэ хьэгъэапхъэхэм ящысхъумэнкIэ - си псэр пытыху, лъы ткIуэпс къысщIэмынэжыху. Ауэ сыныволъэIу, кIыхьлIыхь зывмыщI, шынагъуэр къытщхьэщыхьакIэщ, зэман диIэжкъым.

● «Сэлэтым и щIыхь» романым щыщ пычыгъуэ

# Хьэжы Бэрзэдж и жэуапыр

Хьэжы Бэрзэдж, шу гъусэхэр щIыгъуу, шэджагъуэ нэужьым нэсащ генерал Раевскэм деж. Шым епсыхри, пщым сэлам итащ, ауэ етIысэхакъым: зигъэгувэн мурад зэримыIэр абыкIэ гуригъэIуащ генералым. Бгырысхэм я дзэпщ цIэрыIуэр къыщыбгъэдыхьэм, генералым зыкъиIэтащ. КIэщIт генералым и псалъэр - дзэпщыр къыщIригъэблэгъар. Тэрмэшыр зыбгъэдишэри, Раевскэм жиIащ:

- ГурыгъаIуэ Хьэжы Бэрзэдж: уи цIыхухэри уи лъахэри Урысейм къритащ тырку пащтыхьым. Уэ ар фIыуэ уощIэ, атIэ сыт Iэщэр щIумыгъэтIылъыр?

Дзэпшым и жэуапыр тэрмэшым зэридзэкIащ:

- Хьэжым жиIэращ: урыс пащтыхьыр къулей дыдэу жывоIэ, генерал. Ар пэжмэ, фи пащтыхьыр щхьэ къытлъихьа? Уи дзэм ди жылагъуэхэр щIызэхифыщIэр сыт? Хьэжым жеIэ: нэпсей хъунщ фи пащтыхьыр, дэрыншэу щымыпсэуфкIэ...

Раевскэм и нэщхъыр зэхилъхьащ, Хьэжы Бэрзэдж къемыплъу, тэрмэшым жриIащ:

- ЖеIэ абы: ди пащтыхьми тырку пащтыхьми ящIэ бгырысхэм я сэбэп зыхэлъри зыхэмылъри. Делэм дэIуэн ямыдэмэ, къарукIэ хагъэзыхь. Бгырысхэр ди пащтыхьым къезауэмэ, сулътIанми и унафэр якъутэу аращ. Фи унафэр ищIакIэщ сулътIаным: фэ абы урыс пащтыхьым фыкъритащ.

А псалъэр зыуи къыщыхъуакъым Хьэжы Бэрзэдж, генералым еплъа фIэкI.

- Тырку сулътIаным дэ урыс пащтыхьым дритынкIэ Iэмал иIэкъым: абы и IэмыщIэ дилъакъым игъащIэм, и унафи къытхэлъкъым, - жиIащ Хьэжы Бэрзэдж. - Узыхуимытыр дауэ птын? Уэ ухахуэщ, инэрал, узэрыхахуэм щхьэкIэ узот мо жыгыщхьэм ис бзу цIыкIур - плъэкIмэ, къэубыд!

Раевскэр жыгым дэплъеящ. Абы и щхьэр къыщиIэтым, жыгыщхьэм иса бзу цIыкIур, и дамэр ишэщIри, лъэтэжащ...

Генералым и нэгур нэхъри зэхэуащ.

- Уэ уцIыху губзыгъэщ, Хьэжы Бэрзэдж, ауэ ущыгъупщэхщ, - жиIащ абы макъыхъукIэ. - Уи къуиплI зауэм хэкIуэдащ - ар зыщумыгъэгъупщэ. Егупсыс - зы къуэщ къыпхуэнэжар. Шэчи къытумыхьэ: тыгъэ къысхуэпщIа бзур къэзубыдын и пэ, уи къуэ закъуэр пфIэкIуэдынщ...

* * *

*МЫ ПЫЧЫГЪУЭР къызыхэтхар урыс тхакIуэ цIэрыIуэ Голубов Сергей и «Сэлэтым и щIыхь» романырщ. Пычыгъуэ мащIэмкIи гурыIуэгъуэ зэрыхъущи, романыр зытеухуар адыгэ куэдым я щхьэр зыхалъхьа Урыс-Кавказ зауэрщ. А зауэм и тхыдэ псор игъэбэтэн мурад иIакъым тхакIуэм - ар зы тхыгъэкIэ зэрыпхузэфIэмыкIынур гурыIуэгъуэщ. Абы и мурадар нэгъуэщIщ: я щхьэхуитыныгъэм щIэзэууэ, бэнэныгъэ гуащIэм илъэсищэкIэ хэта бгырысхэр зыхадза мафIэмрэ залымыгъэмрэ я пэжыпIэр, зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, хэIущIыIу щIынырщ. Дигу къэдгъэкIыжынщ Голубовым и романыр дунейм къыщытехьа зэманыр - 1940 гъэрщ ар япэу къыщыдэкIар. Урыс-Кавказ зауэм и пэжыпIэр щабзыщI зэмант ар, абы и хъыбар пэжыр зыгъэIум и щхьэр щыхрагъалъхьэри мащIэтэкъым. ЯбзыщIын хуейуэ унафэ зытращIы-хьа темэм зэрызрипщытар хуагъэгъуакъым тхакIуэм: лъэныкъуэ ирагъэзри, и цIэ къудей ираIуэжакъым щIэх.*

● Гъуэгуанэ тхыгъэ

# Къамэри шынагъуэ дыдэщ, шэрджэс зауэлIым IэщIэлъмэ...

**Кавказ зауэм и зэманым адыгэхэм я деж къэкIуэрейуэ щытащ Европэм къикIа дипломат, чэнджэщэгъу, тIасхъэщIэх куэд. Абыхэм ящыщщ Спенсер Эдмонди. Ар Шэрджэсым къэкIуауэ щытащ 1830 гъэм. Спенсер и нэгу щIэкIащ адыгэхэм я хэкум и хуитыныгъэм папщIэ ирагъэкIуэкI бэнэныгъэ гуащIэр, щыгъуазэ зыхуищIащ абыхэм я хабзэхэм, я псэукIэм, я зэуэкIэм, яIущIащ шэрджэс дзэпщхэм, зауэлIхэм. А псор «Шэрджэсым сызэрыкIуар» тхылъым щитхыжащ Спенсер. Фи пащхьэ идолъхьэ абы и тхылъым щыщ пычыгъуэ.**

ХЫ IУФЭМ десылIа нэужь, мэзым фоч уэ макъ къыхэIукIащ, шу куэд дыдэ къытIущIащ, миным нызэрыхьэсынкъэ жыпIэну. ЩIалэ Iэчлъэчхэм кхъуафэжьей зыбжанэ къыхадзащ хым, ди кхъухьым къесылIэри драгъэтIысхьащ, ди хьэпшыпхэри кхъуафэжьейхэм иралъхьэри, хы Iуфэм напIэзыпIэм дынагъэсащ.

Шэрджэс кхъуафэжьейхэр лъэгубгъуэт, псынщIагъуэт, зым цIыху 18-20 ист, абыхэм псыр бэлагъкIэ щыщIатхъуэкIэ, нэр тепыIэртэкъым. Сэ зэрызэхэсхамкIэ, цIыху 80 зэрыхуэ кхъуафэ яIэщ шэрджэсхэм; жьыхуи итщ абыхэм, бэлагъкIэ зэрызэIащIэм нэмыщI. Хым кхъуафэжьей псынщIэкIэ тохьэри, адыгэ хыдзэлIхэр сатуущIэхэм я кхъуафэхэм щытеуэ куэдрэ къохъу.

Шэрджэс щIыналъэр дахэкIейщ, щIыпIэ зэгъщ, хьэуар щыкъабзэ дыдэщ, бгыщхьэмкIэ къриху салъкъын щIыIэтыIэр хы Iуфэм къосри, дыгъэм и гуащIэр зыхэпщIэркъым. Ар сэ щызгъэунэхуащ Пщадэ деж - абдежращ кхъухьым дыщикIар, шэрджэс хы Iуфэм десылIа нэужь.

Хьэл зэрысхуэхъуащи, гъуэгу сытехьэн и пэкIэ, сыздэкIуэ хэкум и тхыдэм, и хабзэм, и псэукIэм, и дуней тетыкIэм щыгъуазэ зыхузощI дапщэщи. Нобэ сыкъызэрыхьа хэкум и тхыди, и хабзи, и псэукIи сызэрыщыгъуазэ щыIэтэкъым сэ, тхылъ гуэрхэм къиздыкIаIамэ, арат хэсщIыкIыр. ЩIэныгъэлIхэм зэралъытэмкIэ, адыгэхэм я бзэр зытехуэ бзэ дунейм теткъым. Сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, шэрджэсхэм тхыбзэ яIэкъым: абыхэм я бзэм и макъхэр европей хьэрфхэм къигъэтIэсэгъуейщ - ар си фIэщ хъуащ шэрджэс псалъэхэр ди хьэрфхэмкIэ стхын мурад щысщIам щыгъуэ. Дэтхэнэ адыгэ лъэпкъми езым и бзэ щхьэхуэ иIэщ - аращ къызжаIар Истамбыл нэIуасэ щысхуэхъуа шэрджэсхэм. Абыхэм я деж щызэзгъэщIат адыгэ псалъэ зыбжанэ, ауэ ахэр Пщадэ деж къызэрысщхьэпа щыIэкъым - IэпэтэрмэшкIэ фIэкIа сагурыIуакъым хы Iуфэм къыщысIущIахэм.

Шэрджэсым уихьамэ, я хабзэм тет: я фащэкIэ зыхуапэ - ар къыщызжаIат Истамбыл. Апхуэдэ чэнджэщыр къызэрыпщхьэпэнур си щхьэкIэ згъэунэхуащ. Я фащэкIэ зыщысхуэпам, адыгэхэм я гуапэ дыдэ хъуащ, нэхъ гумащIэ къызэрысхуэхъуами гу лъыстащ. Шэрджэс фащэр, шэч зыхэмылъращи, цIыхум йокIу, гъуэгу урытетынуи нэхъ щыгъын тынш бгъуэтынукъым, езыр зэрылахэкIейм и гугъу умыщIыххи.

Адыгэ шууей хуэдэ сызэщIэхуэпауэ, си плIэм фоч идзарэ къами скIэрыщIауэ, Пщадэ сыщежьэри, гъуэгу сытехьащ, а щIыналъэм я тхьэмадэ Индар Мыхьмуд деж сыкIуэн хуейти. Шы ахъырзэмани сагъэшэсащ. Шым фунтиплI хуэдизщ щIэстар - апхуэдэшым фунтищэ щиуасэщ Инджылызым.

Гъуэгум шу Iэджэ гъусэ къыщытхуэхъуащ - тхьэмадэм деж дыщынэсам, шу мин дызэрыгъэхъуауэ къыщIэкIынт. IэщэкIэ зэщIэузэдауэ шу мин зи гъусэ гъуэгурыкIуэр ялъэгъуатэмэ, европейхэр къэщтэнкIи хъунт, ауэ ар мыбы зыми щигъэщIэгъуэнукъым: гъуэгу тет хьэщIэм гъусэ хуэхъу, дэкIуатэ щыхабзэщ Шэрджэсым. ЦIыху Iувым яхэслъэгъуакъым е къыхэпIэнкIыкIа, е лъэбакъуэ лей зыча. Зым и унафэм едаIуэ хуэдэт псори; куэдрэ сахэплъа щхьэкIэ, псори зыфIэлIыкI, зэзыгъэдэIуэф яхэслъэгъуакъым гъуэгум гъусэ къыщытхуэхъуа шухэм. Щхьэж и увыпIэ ещIэж - абы щхьэкIэ унафэ лей хуейкъым адыгэхэр. Тыркухэм я зэранкIэ джэнуезхэм япэIэщIэ хъуащ шэрджэсхэр, джэнуезхэр къахыхьэрейуэ щытащ нэхъапэм, сату ящIын щхьэкIэ. Абыхэми нэгъуэщI европей лъэпкъхэми нэхъ япэIэщIэ зэрыхъу лъандэрэ адыгэхэм IэлыфэкъатеуауэкъызыфIэщI щыIэщ, сэ сахэтыху ядэслъэгъуамрэ щыгъуазэ сызыхуэхъуамрэ япкъ иткIэ жысIэфынущ абыхэм апхуэдэфэ зэратемытыр. Нэхъ лъэпкъ гъэсарэ щэныфIэрэ срихьэлIауэ сщIэжыркъым.

Сащыхэхьа махуэм къыщыщIэдзауэ, ситхьэкъуащ шэрджэсхэм я теплъэм: шууей защIэщ, цIыху зэкIужхэщ, уардэхэщ, зи щхьэм пщIэ хуэзымыщIыж яхэслъэгъуакъым, я щхьэ зэрыхуитым зэрыригушхуэр дэтхэнэми и нэгум къощ. Европэм щыщ я нэхъ шууейри пэхъунукъым шэрджэс шум. Яшхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм нэхъ дахэрэ нэхъ къуданрэ срихьэлIауэ сщIэжыркъым, ди къэралми (Инджылызым) щыслъэгъуакъым адыгэшым пэхъун. Шэрджэс зауэлIым и фащэри йокIупс, цейращ дахэ дыдэр - хьэзыр идарэ дыжьын бгырыпхыр щIэкъузэжауэ; къамэ зыкIэрымылъ урихьэлIэнукъым - ар Iэщэ шынагъуэ дыдэщ, шэрджэс зауэлIым IэщIэлъмэ. Къамэм нэмыщI, шур фочрэ сэшхуэкIэ зэщIэузэдащ. КIэщIу жыпIэмэ, шэрджэс зауэлIыр - ар ирелъэс е ирешу - IэщэкIэ зэщIэузэдащ сыт щыгъуи. Бжы зи Iэщи сыщрихьэлIащ Шэрджэсым: ар ядзын хъумэ, зрагъэпщам фIэкIынукъым, а Iэщэм апхуэдизкIэ хуэIэрыхуэщи. Шабзэмрэ шабзэшэмрэ иджы къыщагъэсэбэпыр гыныр къащемэщIэкIым е Iэуэлъауэ зрагъэщIын щыхуэмейм дежщ. Гъуэгу щытехьэкIэ, щIакIуэ-бащлъыкъ здащтэ, уэшхымрэ щIыIэмрэ зыщахъумэн папщIэ; жэщыр гъуэгум щрахын хъумэ, щIакIуэр икIи и тепIэнщ, икIи щIэлъынщ; адыгэ щIакIуэм шэ зэрыпхрымыкIым и гугъу сщIыххэнкъым - апхуэдэ щIакIуэ куэдрэ сыщрихьэлIащ Шэрджэсым.


Тхьэщагъ мэзым адыгэхэм Iэщ щаукI.
*Сурэтыр* **Тейтбот Эдуард** *ищIащ. 1823 гъэ*


Адыгэ Хасэ.
*Сурэтыр* **Гагарин Григорий** *ищIащ. 1843 гъэ*

# «Уллу Хож»

## Адыгэ къуажэжьым теухуа балъкъэр-къэрэшей гъыбзэ

*«Уллу Хож» уэрэдыр къэрэшейхэмрэ балъкъэрхэмрэ куэд щIауэ къадокIуэкI. Ауэ совет лъэхъэнэхэм щыгъуэ жрагъэIэу щытакъым: гуузыIуэт абы и псалъэхэри и макъамэри.*

*Мыр уэрэд къудейкъым, атIэ адыгэ жылэжьым и лъапсэм псы зэрырагъэжыхьыжам и тхыдэщ. Уэрэдыр балъкъэрыбзэкIэ зэрыIу дыдэр адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ дыщимыIэкIэ, ар зытепсэлъыхьыр ди псалъэкIэ къэтIуэтэнщ.*

Уо, Хуэдзышхуэм къыщыхъур акъылым
къитIасэркъым,
Махуибл хъуауэ лъыр псы къиуауэ щожэх.
Уо, Хуэдз деж лIэн-къэнэну тхьэIухуду бзылъхугъибл
щозауэ,
Абы я къарум къаплъэным я нэхъ ябгэри Iуигъэщтынт.
Пашэр Хуэдз ипхъу Байдымэтщ.
КIэлъыкIуэр Хьэжы ипхъу Уэркъуэятщ,
Уэркъуэят и бын зэтIолъхуэныкъуитIыр гущэм щожей,
Езым бийр зэ уэгъуэм хегъащIэ.
Ар зэуащ биишэр гущэм техуэху,
И шылэ хъар хужьым лъыр зыщIифыху.
Урыс пащтыхьым залымыгъэр егъэнэхъапэ,
ЗауэлI къарукIэ Iуэхуу щыIэр зэфIех.
Пшагъуэ лъэсырыкIуэхэр тафэм тегъуэлъхьэпащ.
Хьэуэ, ар пшагъуэкъым, бийм и Iэщэм къапих гын
Iугъуэщ.

Ар къуажэм дохьэри, мафIэ лыгъейм зрешэкI.
Унэ уэнжакъхэр шэху уэздыгъэу зэщIонэ,
Сабий цIыкIухэр шы лъабжьэхэм ящIоджэразэ.
Генерал Кароховым - дунейм хьэуэ къытригъэщIам,
Сабийхэм фэтыджэн ятрикIэурэ зэрыпсэууэ егъэс,
Пащтыхьыжьым и нэфI къыщыхуэным щыгугъыу.
Шэрджэсыпхъу тхьэIухудхэр етIэщIри,
Я щIыфэм щIопщ Iэлыр трешащIэ,
Хуэдз щIыналъэр гуIэгъуэ хэмыкIщ,
Бий залымым лъы ифынкIэ зигъэнщIыркъым.
Лъы зыгъажэ пащтыхьым генералым и псалъэр
хьэкъ щохъу.
Уи блыгущIэтхэми уэри тхьэм и нейр къыфщыхуэ.
Хуэдз губгъуэм и гъавэ бэвхэм
Кхъуэр хаутIыпщхьэри ирагъэутэ.
Я Iэхэм лъыпсыр къапыжу лIыхэм сэшхуэр ягъабзэ,
Анэ гуIэхэм я бынхэр мафIэ лыгъэм щамыгъуэтыж.
Хуэдз псы Iэсэр пшэплъым хуэдэу лъыкIпсыкIкIэ
иIащ,
Шэрджэсыпсыр псынэпсу и гущхьэм холъадэ,
Сабий цIыкIухэр зэщIэкъугъэурэ я псэр хокI,
Анэ тхьэмыщкIэхэм гъыбзэ гуащIэр къраш,
Я сабий псэншэ хъуахэм я щхьэфэм Iэ далъэ.
Генералым и джэбыныпхъэр хьэм и фэм
къыхэтщIыкIынт,
И лъы фIейм фо хэдзауэ дефэнт,
Ауэ зэкIэ псыIуфэ мывэм телъадэр дэ дилът,
Ди бзылъхугъэхэри зылI и быну бийм пэщIэуват.
Лъыуэ зыщIифымкIэ щIым и псыхуэлIэр икIащ,
Ди бзылъхугъэ лъэщыджэ нэгъунэ уанэгум шэсащ,
Я сабийхэм псэ яIумытыжу дунейм къытохьэ.
ЦIыхуукI фIейхэр зэи ди лъапсэжь къихьэнтэкъым,
Къэрэшейм я къурш щхьэхуэхэм хуэдэ быдапIэ
диIамэ,
Дэ иджыри илъэсипщIкIэ бийм дезэуэнт,
Тэрч и Iуфэр е тенджыз Iуфэр псэупIэу диIамэ,
Дэ махуэшхуэ пежьэу дызэдежьэнт,
Ауэ дызэтеджалэри ди хьэдэ къупщхьэр упщIыIужащ,
Джэбыныпхъэ тхуэзыдын къудей къытхуэнэжакъым,
Псым и Iуфэм дыIусу псыхуэлIэ бзаджэм деукI.
Къэрэгъэш жыг закъуэу псы Iуфэм къыIунэжам
ЗауэлI Iэщэу дыщэпс зытегъэлъэдар щыфIадзащ,
Ди хьэдэхэр хьэ хьэулейхэм зэпкъратхъ,
Дилъ упщIыIуар хьэпшырхэм ябзей.
Дэ, Хуэдз и бзылъхугъэхэр, пщащэхэр,
Сэшхуэр тпщIэхэлъу зауэ губгъуэм дихьат,
ИкIи Хуэдз Iуфэр ди хьэдэхэмкIэ тсеящ.
Хуэдз и гущхьэр зауэлI лъыифхэм къаувыхьащ,
Губгъуэрыс псэущхьэхэм ейм пащIу,
Ди лыр яфIэфIыпсу бийм яшх,
Ди щIыналъэм члисэхэр бжыгъэншэ къыщащI.
Ди нэхъыжьхэр Тхьэм елъэIуну абыхэм ягъакIуэ.

БАЛЪКЪЭРХЭМРЭ адыгэхэмрэ яхэт хъункъым мы уэрэдыр зэхэзымыха. Абы и макъамэмрэ и псалъэхэмрэ уи псэр ягъэхыщIэ. Ар и гъыбзэ хуэдэщ адыгэ лъэпкъ уардэм гуауэрэ хьэзабу ирагъэшэчам.

Дэ дыкъэзылъхуа, мы гуауэр зи нэгу щIэкIа, зэрахузэфIэкIкIэ адыгэм ар ядэзыгуэша ди адэжьхэм зэхалъхьащ мы уэрэдыр. Ирагъэлеяуэ къызыщыхъункIи щыIэнщ, ауэ апхуэдэ псалъэхэр къагупсысыркъым - шэч хэлъкъым я нэгу щIэкIар къызэраIуэтэжам.

«Уллу Хож»-р тхыдэ уэрэдщ, щIэныгъэлIхэр нэхъ елэжьыпхъэу, ауэ абы бгъэдэлъ художественнэ беягъэр гъуазджэм и къэхъукъащIэу бгъэув хъунущ.

Мы уэрэдыр къыщежьар къэтлъыхъуэурэ, дэ япэщIыкIэ дыхуэзащ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ щIэныгъэлI, профессор Шаманов Ибрэхьим. Абы къызэрыджиIамкIэ, уэрэдым къиIуатэ гузэвэгъуэм хуэдэ адыгэ куэдым я щхьэм кърикIуащ.

«Уллу Хож» гъыбзэр - Урыс-Кавказ зауэм и зы теплъэгъуэ къудейщ,- къыджеIэ абы.

Шамановым сэлам идохыжри, Лабэ лъэныкъуэкIэ дунэтIыну мурад дощI, ауэ абы и пэ къихуэу докIуэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал институтым, дыхуозэ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Къалмыкъ Ибрэхьим. Зауэм щыгъуэ ягъэса адыгэ къуажэхэм ящыщ зыуэ, ауэ и пэжыпIэр (къуажэр зыхуэзэ дыдэр) цIыхухэм яIэщIэгъупщыкIагъэну хуегъэфащэ абы. ФIыщIи къытхуещI адыгэм къращIылIа лъапсэрых зауэр къэрэшейхэмрэ балъкъэрхэмрэ зэращымыгъупщэжам, я гур адыгэм зэрыхуэузым папщIэ.

Кавказым и тхыдэм фIыуэ хэзыщIыкI Лайпанов Къазий зыхуэдгъэзэну мурад дощI. Тэмэму тщIауи къыщIэкIащ. Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм теухуа гъэщIэгъуэн куэд къыджиIэри, Лайпановым нэIуасэ дыхуищIащ физикэматематикэ щIэныгъэхэм я кандидат, Черкесск дэт технологие институтым и доцент Черкесов Азнаур. Азнаур и адэшхуэмрэ абы и къуэш нэхъыщIэмрэ, илъэси 8, 10 ныбжьым иту, Крымшамхалов гуэрым адыгэ жылэ зэтраукIэу ягъэсыжам къыщигъуэтри, Жэгуэтэ къишауэ щытащ. ЩIалэ цIыкIуитIыр къэрэшей къуажэм къыщыхъуащ, унагъуи дэхъухьыжащ, Черкесов унэцIэр зэрахьэу. Хъарзынэу псэурт зэкъуэшитIыр, шы лъэпкъыфIхэр ягъэхъурт. Ауэрэ революцэр къэхъеящ, мылъку зиIэр ягъэкIуэду щIадзэри, зэкъуэшитIым я унагъуэхэр Азие Курытым яшащ. Зыгуэрым IэщIэкIа щыуагъэкIэ а щIыпIэм ахэр Черкасов щыхъуауэ, нобэми апхуэдэущ зэратхыр.

- Хэтхэ фащыщ атIэ фэ? - доупщI Азнаур.

- Хьэтыкъуэхэ, дэ дыадыгэщ, - жиIащ абы.

Лайпановымрэ Азнаурырэ дыздепсалъэм, къыджаIэ иджырей Адыгэ Республикэм и щIыналъэм хиубыдэ



Хуэдз къуажэр зэрыарагъэнур гъыбзэм зи гугъу ищIыр.

ХУЭДЗ къуажэр 1851 гъэм къэунэхуащ, а цIэ дыдэр зезыхьэ псым и сэмэгурабгъумкIэ щытIысащ ар. Хуэдзыр къызытекIыжар пщым и бейгуэл, чэнджэщэгъу Къуэдзрауэ жаIэ.

1998 гъэм «Хуэдз къуажэм и тхыдэ» тхылъыр къыдэкIащ, тхыдэтх АфэщIагъуэ Аслъэн итхауэ. Дэ а къуажэм дыщыкIуам ар сымаджэу хэлът, ауэ дыкъимыгъэщIэхъуу къыдэпсэлъащ. Абы гущIыхьэу къытхуиIуэтащ Урыс-Кавказ зауэр иухыным куэд имыIэжу Хуэдз къуажэм илъэгъуа гузэвэгъуэшхуэр, 1859 - 1864 гъэхэм къриубыдэу. Тхыдэтхым дыщигъэгъуэзащ а къэхъукъащIэ гуузхэм. Хуэдз и щIыналъэм кхъащхьэхэмрэ кхъэмрэ щыкуэдщ. Зы гуауэр нэгъуэщIым ящигъэгъупщэу, лажьэ зимыIэу яукIам хуауса гъыбзэм адрей и гъыбзэр кIэлъаусу псэуащ мы жылэр.

«Уллу Хож» гъыбзэм къиIуатэр тхыдэм зэрыщыщым зыми шэч къытрихьэркъым. Абы къыхощ Байдымэтрэ Уэркъуэятрэ я цIэр. АфэщIагъуэ Аслъэн и анэ КIунэ йолъэIу мыбы теухуауэ ищIэр къыджиIэну.

- Байдымэт теухуа зыри сщIэжыркъым, ауэ Уэркъуэят и гугъу куэдрэ къытхуищIу щытащ си анэшхуэм. Ар щхьэмыгъазэу бийм пэщIэуващ, цIыхухъур щахуримыкъум. Куэд дэмыкIыу гъэр ящIри, офицер е генерал гуэрым пэщIохуэ. Бийм и Iэр зылъимыгъэIэсу, цIыхубз дахэм и пщэ лъынтхуэм мастэ хиIури зигъэлIащ, - жиIащ КIунэ.

Зы лъэпкъ гуауэ щыIэкъым. Урыс-Кавказ зауэм и тхыдэм къыхощыж лъэпкъхэр зэкъуэту я щIыналъэр яхъумэжыну яужь зэритар. Псалъэм папщIэ, урысыдзэм и унафэщIхэм ящыщ зым 1804 гъэм Шэджэм псыхъуэм деж щекIуэкIа зэхэуэм щхьэкIэ итхауэ щытащ: «Шууей мин 11, лъэс зауэлIу мин 11, балъкъэри, къущхьи, адыги зэгъусэу» къазэрыпэувар. Хуэдзми ахэр зэрыщызэгъусам и щыхьэтщ, мы гъыбзэм и къэрэшей, балъкъэр жыIэкIэхэр зэрызэщхьэщымыкIыр. Ауэ, шэч хэмылъу, Урыс-Кавказ зауэм и хьэлъэр, и фэбжьыр нэхъыбэу зыхьар адыгэхэращ. Адыгэ лъэпкъым фIэкIуэдам акъылкIэ уеувэлIэфыркъым, гукIэ зыхэпщIэныращ къыпхуэнэжыр. Адыгэм я гум телъ уIэгъэм ди лъэпкъри зэригъэгузэсам и фэеплъщ мы уэрэд-гъыбзэр. «Уллу Хож»-р лажьэ зимыIэу яукIа ди къуэшхэм, шыпхъухэм, сабийхэм я фэеплъу, я зэхуэдэ гукъэкIыжу ди лъэпкъхэм къахуэнащ. А гъыбзэр зэуэным зыдезыгъэхьэх дэтхэнэми и лъыр зыгъэупщIыIуну псы щIыIэ ирехъу.

Хуэдзышхуэ (аращ «Уллу Хож» жиIэм къикIыр) теухуа къэрэшей-балъкъэр гъыбзэм къежьапIэ хуэхъуар зэхэдгъэкIыну яужь дыщихьам, дэ дрихьэлIащ Хуэдз къытепсыха гуауэр къызыхэщ нэгъуэщI зы уэрэди. Сэ тэмэму жысIэфынукъым мыбырэ ищхьэмкIэ къэтхьа уэрэдымрэ зытеухуар а зы Iуэхугъуэрами, ауэ зытепсэлъыхь, къыхэщ Iуэхугъуэхэр зэбгъапщэмэ, мы уэрэдри зытепсэлъыхьыр ардыдэрауэ къыпфIощI. Уэрэдыр яусагъэнущ лъыгъажэ зауэр зи нэгу щIэкIа езы хуэдздэсхэм. Мис а уэрэдри.

### Къэзэуат гъыбзэ

Хуэдзыжь мыгъуэ Тхьэр
зыдэбгам
Лъы бахъэр къызэрыдох.
Iэщэжьыр щыдэтх махуэм
Фыз щIалэхэр
дызэхэгъащ.

Ержыбу унэм ирашхэм
Гыныжь мыгъуэр
дыдогъэжэх.
КIэрэфурэ шы гъуабжэ
кIэхур
Топыжь мыгъуэм
зэбгыребгъэдзщ.

Дыжьыныр зи
бгъэгурыдзэр
Махуэем нытхухэзышэр,
Шэуэ къакIуэми
щымышынэжыр
ДохъушокъуэкIэ фи
Тыгъуэн цIыкIут.

МелыIычхэр
зэкIэлъыхъуахъуэу,
Хур хъыджэбзэр
зэкIэлъыхъуапсэу
Хуэдз псыхъуэм
щепсыхыжар
Къандырокъуэкlэ фи
Исмэхьилт.

Хьэжмэстафэу унэм
ирамыхыр
Хуэдзышхуэ
къыщыбгъэхьэкъущ,
Аркъуятыр щуIэгъэу
къытхуэзышэр
Дэкъушокъуэкlэ фи
КIэмырзэщ.

ДилэIилкIэ уазыр
къытхуащI,
ЩIалэгъуалэм
зыдогъэчэф,
Хуэдзым дзэуэ
зэхуашэсахэм
ЩащIэ-плIащIэу
дыкъаувыхь.

Черноморэм и
графыжьым
Хуэдзыщхьэм топыр
къыщытхуегъэж.
ЩIалэгъуалэу зи псэ
IукIахэр
А махуэм къызэдокIуалIэ.

Шы къарэр нагъуэм и
хьэкъщ,
Къуалэбзути яхобыбэ.
Зи бынкIэ
псэемыблэжыр
Къандрокъуэкlэ Исмэхьил
цIыкIущ.

Уафэбжэ мыгъуэм
зыкъызэIуех,
Муслъымэнуэ
дызэхэзыхыр
А махуэ мыгъуэм
къытхуогуIэж.

Махуае мыгъуэм мы
джаурыжьым
Ди лIыхъужьхэр
къытхегъэщI,
Зи гъащIэм хуэмеижыр
БухъэрэнкIэ фи Умар
цIыкIущ.

ДОДУЕВ Аскэр,
*Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ, «Минги Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ.*

КIЫЩОКЪУЭ Алим

# УситI, Щам щыстхауэ

1.

Щам дэс адыгэр джабэм кIэрысу,
Тхьэм щыгугъ защIэу яхьыр дунейр.
Ди лъэIур тхьэм деж нэсынкъэ,
ЖаIэу мэжджытыр тетщ нэхъ
сэтейм.

Азэн джапIэм иту муIэзиныр, -
Нэхулъэ къищIамэ, маджэ азэн.
Уафэр къодаIуэр, щIылъэр къодаIуэ,
ЦIыхур мыдаIуэр къимыгъэзэн.

Дыгъэр гуащIащэу пшахъуэр
егъэплъыр,
Щыблэ щыуари зым имыщIэж.
Нэмэз хьэжыжьхэм ящIа къудеймэ,
Ерагъ-псэрагъкIэ унэм мэкIуэж.

Кавказ лъэныкъуэ кърухэр щыкIуэм
Я азэн джакIуэр йолъэIу:
- Тхуехыж сэламыр адэжь
щIыналъэм! -
ЖиIэу и IитIыр делъэр и нэIу.

Уэгум ит бзухэ! А ди тхьэлъэIур
Ди плъапIэ закъуэу хэкум нэвгъэс.
ПщIыхьэпIэ дахэу ди нэгу щIэкIыу
Ди хэку уэрэдхэр къытлъоIэс.

2.

Уей тхьэмадэу жьыщхьэ махуэ!
Тхьэм уэ фIыкIэ укъилъагъу.
ГъащIэр мыхъуми цIыху IэщIагъэ
Зыхуэфащэм къыхущIагъу.

Щам щIыналъэр угъурлыуэ
Фи гур, фи псэр щызэгъа? -
ЖысIэу дадэм сыщеупщIым
Азэн джакIуэр къысхуэгъащ:

Дядэжь хэкум дгъэзэжыну
ЩIэтлъхьэжахэм зэхевгъэх.
Къэтэджынщи, къытпежьэнщ,
Уеблэм гъуэгум щремэх.

ЩIалэгъуалэр нобэ гъамэ,
Щыгъуэу хэкур нэпсым хэлъщ,
Е уэрэду пшынэм къикIым
Уэрэдыпкъыу хэкур щIэлъщ.

Еплъ, кърухэр щыгъуэлъхьэнум,
Фи лъэныкъуэм нагъэзэж:
Фэрщ дэ ди псэм и загъапIэр,
Фыдигуауэщ, фыдипэжщ.

Гум илъ къэпым къищэщауэ
Сыт гуэдз хьэдзэм и насып?
Губгъуэ гъуэгум дыкъинащи,
Къуалэбзухэм дыкъащып.

А гуэдз хьэдзэр щIым хэлъхьэжи,
Жьым дэджэгуу къэкIыжынщ.
Уи щIыналъэм лъабжьэр хэкIэм
Уэ жылапхъи ухъужынщ...

Ей, си усэ, уишхыдыкIыу
Ухъумэ цIыхум я гухэлъ,
Дядэ, дянэм я щIэину
Гугъэ закъуэр ягу игъэлъ.



МАХУЭЛI Нарзан

# Тхыдэ

ЕкIуэкIырт зауэ гъищэ хъуауэ,-
Щызэрыухырт лъэпкъышхуитI.
И Iэщэ-фащэр убзэщхъуауэ
Шу закъуэ тIуми яхэмытт.

Уанэгум шэсти щIалэгъуалэр,
Аргуэру лъым лъы къигъэщIыжт.
ЛъыщIэж къэхъуам и къыщIэдзапIэр
ИщIэжу цIыху яхэмытыжт.

ЛъэпкъитIыр щызэрыухыпэм,
Зыгуэрым щIыIэу игу къэкIат:
«ЛIэщIыгъуэ хъуауэ дитщ укIыпIэм,
Ар къэхъуххэнкIэ щхьэ хуей хъуат?!»

Абдежым тхыдэм щриплъэжым,
Щхьэусыгъуэшхуэр къагъуэтат:
Зым и адэшхуэм и адэжыр
Адрейм и адэшхуэм и адэжым
И лъапэ теувауэ арт.



IУТIЫЖ Борис

# Сонет

Тхыдэ-лIыжь кхъахэр уанэтемыхщи,
Хуэмыухыжыр гъуэгуанэ кIуаджэщ.
Уплъэмэ, плъагъур пшагъуэ гу(ы)ихщи,
УзэплъэкIыжмэ - щыхупIэ бзаджэщ.

Уоу, си лъэпкъ мащIэу гущIэм щызгъафIэ,
Зи фIыр зи Iейхэм къысхугуэмых,
Зэм хубоIэт уэ си гур мо уафэм,
Зэм щIы къатиблкIэ гугъэр йодзых.

Я нэхъ лIы Iущу зызылъытэжхэм
Уи щымыIэжхэр дэнкIи яший.
ЕплъэкI зэпытурэ дыщIэзылъхьэжхэм
ЯхэплъэхункIэ, си псэр мэкIий:

«Зыхэдвгъалъхьи щымыIа лIыгъэ,
ДыкъыщIэвгъэкIхэ зэрамыгугъэу».



КЪУНЫЖЬ ХьэIишэт

# Тенджыз ФIыщIэм и Iуфэм

Толъкъунхэр хуэдэщ хуарэм,
Зэдэжэу здожумарт...
Лъэпкъэгъуу дэхуэхахэм
Я хьэлъэр схуэмыIэт.
СыщымыIа тыркущIым,
Чэбэр сымылъэгъуа.
Я гуауэм сегъэпIыщIэ
И щIагъ тенджызым хъуам.
Толъкъунхэр хуэдэщ хуарэм.



ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ

# ЩIэблэщIэм ныпыр къеIэтыж

Адыгэ ныпыр,
гъуэгугъэлъагъуэу,
Ди щIэблэм нобэ къеIэтыж.
Я зэхэтыкIэм гур хигъахъуэу,
Адэшхуэ лIыгъэм хуаунэтIыж.

Вагъуэ пщыкIутIыр я
шабзащхьэу,
Гугъуехьым, лIыгъэм зрапщыт.
Я хамэ пащхьэ зыщагъэщхъыу,
Къэхъункъым ахэр зэ щыщыт.

БлэкIам хуэфащэу яIэщ плъапIэ
ИкIи ящIэтщ адэжьхэм ялъ.
Теувэ хъуми щIакIуэ кIапэ,
Жрагъэ1энущ АдыгэлI!

Нэхъыжьхэр къэхъуми
щызэпеIэ,
ЩIалэфIхэр нобэ зэкъуоувэж.
Лъэпкъыгур я бгъэм
къыщIэроIэ.
Гъуэгу махуэ лъэпкъри тоувэж!..



Графикэ лэжьыгъэхэр. Пащты Герман *ейщ*.

Адыгэ зауэлIхэм зекIуэм зыхуагъэхьэзыр.
*Сурэтыр* Бёлл Джеймс *ищIащ. 1840 гъэ*



152

Пэжым нэр ирещI

# ГущIэгъу къыхуащIыну щыгугъыжхэртэкъым

АДЫГЭХЭР, шэч хэмылъу, хуитщ урысхэр ялъагъу мыхъуну. Къухьэпiэ Кавказым ещхьу, лъэпкъ псо щызэтраукIа щIыпIэ куэд тхыдэм дигу къигъэкIыжыркъым.

Гугъуущ къэпщIэжыну тенджыз ФIыцIэм щегъэжьауэ Лабэ нэс бгырысу исам я бжыгъэр здынэс дыдэу щытар. Абыхэм ящыщу къэнар дыдей къэIэпхъуэжа минищэ къудейрщ. Мин щитхум щIигъу Тыркум кIуащ, я нэхъыбэр гъуэгум тету кхъухьхэм илIыхьащ е Тыркум нэса нэужь, дунейм ехыжащ. Ирахужьа нэужь, ди деж щекIуэкIа зэхэуэхэм, узым, мэжэщIалIагъэм, тенджыз Iуфэм нэсауэ е нэмысу, кхъухьым итIысхьэным пэплъэу хэкIуэдахэр минищэм щIегъу...

ДахагъкIэ узытхьэкъу щIыналъэ берычэтышхуэм илъэс мин бжыгъэкIэ щыпсэуа лъэпкъыр зэрыщыту апхуэдэ щIыкIэкIэ «ирагъэкъэбзыкIащ».

* * *

ЦIЫХУ зэтегъэлIэныр - нэгъуэщI псалъэ къысхуэгъуэткъым - илъэсиплI хуэдизкIэ екIуэкIащ, и гуащIэгъуэр 1863 гъэм хуэзауэ. Адыгэхэм яшэчар нэгум къыпхущIэгъэхьэнукъым.

Сэлэтхэм яIэщIэкIын папщIэ, екIуэлIапIэншэрэ дзэкъэгъуэ яIумыхуэу, я щхьэ зэрахьэу апхуэдэт, уаер градус тIощI щыхъуми, ахэр щIымахуэм IэпцIэлъапцIэт. ЩIымахуэхэри егъэлеяуэ щIыIэт, хэплъыхьу а илъэсхэм хухахам хуэдэу.

Гъэмахуэм уз зэрыцIалэхэр къахыхьэу хуежьащ, псом хуэмыдэу - хуабэуз. Унагъуэхэр зэкIэрыхурт, адэ-анэхэм я сабийхэр яфIэкIуэдырт. Псэущхьэхэм кърахъуа гъуэмбхэм илъу, щIыбым дэлъу хэкIырт я псэхэр.

* * *

ЯХЭКУМ иIэпхъукIхэр мелуаным щIигъурт. Апхуэдиз цIыху зэрыхуэн кхъухь къэгъуэтыгъуафIэтэкъым, арати, я щIыпIэм ираху сыхьэт мыгъуэ гупыр я ежьэгъуэм пэплъэу мазэ бжыгъэкIэрэ тенджыз Iуфэм щыIус къэхъурт. Iэпхъуэхэм «закъыщIэзыгъакъуэ» хьэрычэтыщIэхэм я кхъуафэхэм итIысхьэн папщIэ, бгырысхэм ахъшэшхуэ ятын хуей хъурт, модрейхэми, кIадэм бдзэжьей ирагъэ фIэкIа умыщIэну, ахэр кхъуафэхэм иракуэрт. Хуабэузым е нэгъуэщIым и зэранкIэ, цIыху бжыгъэншэхэр бадзэхэм хуэдэу зэтелIэрт.

* * *

БГЫРЫСХЭР езыр-езыру иIэпхъукIын гукъыдэж къызыкъуахыным сыт и лъэныкъуэкIи ирахулIэрт. Ар и мураду Евдокимовым сом минищэ къыхуаутIыпщыну лъэIуащ, езыхэр хуейуэ иIэпхъукI унагъуэхэм яритыну.

ГурыIуэгъуэт а ахъшэ мащIэр унагъуэ куэдым зэрамыкъунур. Ауэ Евдокимовым игъэIуну хуей къудейуэ арат апхуэдэ тыгъэхэр зэрыхагъэкIыр, абы щигъэгугъыу нэхъ псынщIэу я лъапсэр яригъэбгынэн папщIэ.

Iэмалым я нэхъ ину къанэр хэзыгъэзыхь къару зэфэзэщыртт. ЗэрыжысIащи, къызэремылынур ящIэ пэтми, адыгэхэр зэгухьэурэ зауэхэрт. Ауэ дэнэкIи щыщызэтраукIэм, хуэм-хуэмурэ я гур яфIэкIуэдыпэри, я щхьэ яхъумэжыныр щагъэтыпащ.

Тынштэкъым зэуэ зыпIэту уежьэныр, кIуапIэри жапIэри къыпхузэфIэмыгъэщIу. Ауэ гупсысапIи къратыртэкъым абыхэм. Лъэныкъуэ псомкIи дзэ гупхэр яутIыпщат, абыхэм загуэшыжурэ Iэгъуэблагъэр къызэхакIухьырт: къуажэ, унэ, е пщыIэ гуэрхэм зыщаудыгъуауэ щIэмысу пIэрэ адыгэ ирахужьахэр жаIэу къалъыхъуэу. Апхуэдэ къуажэхэр, унэхэр, пщыIэхэр зыри къыхэмынэжыху ягъэсырт, щIэлъыр къуентхъыу зэщIакъуэрт, щIэсахэр - цIыхухъуи, бзылъхугъи, сабии - я нэр здэплъэмкIэ кIуэну зэбграхурт. Гужьеяхэм е мэзхэм, е иджыри зэтрамыкъутэпа къуажэхэм зыщагъэпщкIурт. Ауэ лъапсэрых къарур нэхъри нэхъ жыжьэ Iэбэурэ я зыгъэпщкIупIэхэми нэсырт.

Гуп екIуэлIапIэншэхэр бжыгъэкIэ багъуэурэ къухьэпIэмкIэ жэхэрт, гущIэгъу зимыIэ жыхапхъэми ахэр еуэ-еуэу зэхуитхъусурэ ирипхъэнкIыкIырт, Кавказ щхьэдэхыпIэм зэприхурти тенджыз ФIыцIэ Iуфэм деж Iэтэшхуэурэ щызэтритхъуэрт.

**ТИХОМИРОВ Лев**,
*урыс цIыхубэ лэжьакIуэ, тхакIуэ.*
*1927 гъэ*

УНАФЭР гъэзэщIэн зэрыщIэддзэу, бгырысхэм къагурыIуащ къапэплъэр. Абы къыхэкIыу 1861 гъэм нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэпкъищыр - шапсыгъхэр, абазэхэхэр, убыххэр - зэгухьэри пащтыхьым деж лIыкIуэ ягъэкIуащ, Мухьэммэд-Iэмин фызэрыгурыIуа щIыкIэм тету, фи жьауэ дыщIэвгъэувэ жаIэри. Абыхэм затыпэныр унафэ ткIийуэ къыпаубыдащ, занщIэуи къыжраIащ бгы лъапэхэм иIэпхъукIыну. Уазэрыщыгугъ хъунурати, бгырысхэм Iэщэ къащтащ. Илъэс блэкIам нэхърэ нэхъ гугъу диIакъым. Адыгэхэр я псэ еблэжакъым, ауэ лъэныкъуитIкIи къебгъэрыкIуэ ди зауэлI сатырхэм япэлъэщакъым...

Бгылъэ щIыпIэхэм кърахуха цIыхухэр икIуэтыпащ, иджы мис, ди унафэ щIэту Псыжьрэ абы хэлъадэ псыхэм я Iуфэмрэ нэрыбгэ мин 50 хуэдиз IутIысхьахэщ. Зы гуп Пшышрэ Шэбшрэ я зэхуаку щызэтрихьауэ пщыIэхэм щIэсхэщ. ХэкIыпIэ къызыхуамыгъэна абазэхэхэр иджы къыттеуэжхэркъым, гущIэгъу яхуэтщIыну, жэпуэгъуэ хъуху я гугъу дымыщIу гуэдзыр Iуедгъэхыжыну мэлъаIуэ. Жэпуэгъуэм абыхэм ящыщу гукъыдэж зиIэхэр Тыркум мыкIуэу хъунукъым, адрейхэр тафэм Iэпхъуэнущ.

*Константинополь дэс урыс лIыкIуэм и тхыгъэм щыщ.*
*1861 гъэ*

АДЫГЭХЭМ я Iуэхур зыIутыр иджыри къагурымыIуэжу зауэхэрт. Апхуэдэу щыхъум, 1862 гъэм и мазаем Евдокимовыр дзэ зэгъэпэща и гъусэу Адыгэ Хэкум и кум иунэтIащ, Пшехэ псыежэхым и лъэныкъуэкIэ. Шыщхьэмыгъазэу къыпэщIэта абазэхэхэр зэтракъутащ. Жыгхэр ираупщIыкIыурэ мэзхэм гъуэгухэр пхашащ. Хуэдзрэ Щхьэгуащэ псыежэхымрэ я зэхуаку дэса псори Псыжь адрыщIрэ Лабэрэ дежкIэ ягъэIэпхъуащ. Гъатхэпэм и 8-мрэ 29-мрэ я зэхуакум

пудыныгъэ куэд яшэч. Адыгэхэр Iэщэ яIыгъыну зэрыхуимытым къыхэкIыу, я щхьэ трагъэужын папщIэ, бгырысыр теIущIыкIыпIэ зыщI къэзакъхэр мащIэкъым. Напэр ящыгъупщэжауэ ящIхэр зэзыпхъуэ къэзакъхэм нэмыщI, дзэм хэт сэлэтхэм я мэкъур паупщI.

* * *

ЯПСЭУКIЭР зэрызэтекъутам нэмыщI, Псыжь адрыщIкIэ ис адыгэхэм иужьрей зэманым я псэм апхуэдизкIэ хьэзабышхуэ ишэчащи, зыкъызэраIэтыжын къару ябгъэдэлъыжкъым. Урысейм и IэмыщIэм сабийм хуэдэу ихуащ ахэр. ЖаIэуи яIуатэуи зэхамыха гъэкIуэдыкIэм я зэхэщIыкIыр апхуэдизкIэ игъэутхъуащи, сыт ирамыщIэми - зыри ягъэщIэгъуэжынукъым. Гугъуехь мащIэ дыдэр ящхьэщыпхмэ, ебгъэхъулIауэ къащыхъунущ. Плъагъур уи фIэщ хъуркъым: плъыру щыт дзэ сатырищым къимыкIуэту мазэ зыбжанэ

нэщэнэу, езым и унафэкIэ зэтригъэтхъуа ЩIытI Быдэм пэгъунэгъу Iуащхьэм гъущI бжэгъухэр щыхригъатIэри, абыхэм адыгэхэм я щхьэ пыупщIахэр фIригъэIуауэ фIигъэлът, я жьакIэхэр жьым щIихурыхукIыу. Уи гур къригъакIуэрт а теплъэгъуэ гукъутэм.

Зэгуэрым генералым Нарышкинэ-гуащэр и деж иригъэблэгъащ. Бзылъхугъэм къыхуиIуэхуащ, щхьэхэр фIебгъэхыжмэ, сынэкIуэнщ жиIэри. Засс абы и гукъыдэжыр игъэзащIэри, псори и унэм деблэгъащ. И пэшым сызэрыщIэбакъуэу, псэм къытегъуалъхьэ мэ Iей дыдэ гуэр къысщIихьащ. Абы гу лъызыта Засс дыхьэшхри, Iуэхур зыIутыр къыдгуригъэIуащ: щхьэхэр къыфIахыжыну унафэ зыхуищIахэм ахэр зыдэлъ пхъуантэр гъуэлъыпIэ лъабжьэм щIагъэувауэ ара къыщIэкIынщ. Пэж дыдэу, ар гъуэлъыпIэ лъабжьэм щIэIэбэри, пхъуантэ абрагъуэ къыщIилъэфащ, щхьэ зыб-



IэфIыпс деж щекIуэкIа зауэм и зы теплъэгъуэ.
*Сурэтыр* **Горшельт Теодор** *ищIащ. 1860 гъэ, фокIадэм и 15*

къуажэ бгъущIым щIигъу здэщыс щIыпIэхэр ирагъэхъуэжащ. Мэлыжьыхьым Евдокимовыр Бгы ФIыцIэм блэкIри, узыдэмыхьэфыну жыхуаIэ Дахэ псыхъуэм нэсащ, абы къэзакъ къуажи щиухуащ. И гъуэгуанэм и кIыхьагъкIэ къэзакъ къуажэ 35-рэ иригъэтIысэкIри, Евдокимовым Белореченскэ гъунапкъэр иухуащ, Пшыш, Пшехэ, Курдымыс псыхэм я Iуфэ Iус урыс быдапIэхэр шынагъуэншэ хъун хуэдэу.

**ЛАВИНЦЕВ Александр**,
*урыс тхакIуэ.*
*1904 гъэ*

АДЫГЭХЭР аслъэн ныкъуэлIэм ещхьщ. ХущIыхьэр абыхэм я гущIыIум итщ. ЩIаукIами зыукIами щIэмыупщIэжхэу зэрагъэкIуэдым нэмыщIыж, ираудых, яубэрэжь, къалъыс щIыр къытрах,

и пэкIэ къызэпрыкIыу щыта адыгэр иджы, и щIыналъэ зэрисыжым хуэдэу, мы мэз Iувым япэу къыщыхуэзэ къуажэдэсым зыпыIуедз, щIалэжь цIыкIум зыкъытришащIэмэ, зрimыгъэуэн мэшынэ.

Урыс империем зэрытемыкIуэнур къагурыIуауэ, ауэ урыс къэралыгъуэм къарит хуитыныгъэхэр зыхамыщIэу, адыгэхэм къахуиухар ягу трагъахуэ; кIэ имыIэу зэрыдакъузэри, гъунэгъу къэзакъхэм кърах лейри, япэ къэсыр къызэрытегушхуэри икIуэтыпауэ яшэч.

**ФАДЕЕВ Ростислав**,
*урысыдзэм и тхыдэтх, генерал-майор,*
*1860 гъэ*

ЗАСС бийр гузэвэгъуэ и псэм телъу гъэпсэун хуейуэ къилъытэрт. Абы и



**Къэзакъхэмрэ адыгэхэмрэ зозауэ.** *Сурэтыр зыщIар наIуэкъым. 1862 гъэ*

жанэ дэлъу, абджыпсым ещхь я нэ ижыхьахэм уи псэр Iуахыу. «Сыт мыхэр зэрыпщIынур?» - сеупщIащ генералым. «Согъавэ, согъэкъабзэри, анатомием елэжьу Берлин дэс си ныбжьэгъу профессор гуэрхэм яхузогъэхь»,- къызитащ абы жэуап.

**ЛОРЕР Николай**,
*Кавказым къулыкъу щызыхьа урыс декабрист.*
*1904 гъэ*

ИДЖЫ адыгэхэм мэзхэм я IувыпIэм зыщагъэпщкIурт, бийм кърагъэлыну къафIэщI тIэкIур яIыгъыуи, иджыри къэс къамыгъэлъэгъуа гуащIагъыр яхэлъу бгъэдыхьэпIэхэр яхъумэрт. Ахэр щикIуэтыр сэлэтхэр мыжурэр ягъэпIийуэ щебгъэрыкIуэм дежт. ИтIани лъэбакъуитI-щыкIэ IукIуэтхэрт, я фочхэр яузэдыжырти, урысхэм я щIыналъэр бжьиз зырызу къытрахыжын я мурад хуэдэ, аргуэру къежьэжхэрт.

* * *

БЫДАПIЭМ и унафэщIым хъыбар зэрырагъащIэу, зимыгъэгувэу унафэ ищIащ адыгэхэм зыщагъэпщкIуа мэзым ебгъэрыкIуэну къэзакъ сэлэт щэ зыбжанэ яутIыпщыну. Модрейхэм шы лъэ макъхэмрэ Iэщэм и Iэуэлъауэмкiэ къагурыIуащ къызэраухъуреихьар. ЗамыIэжьэу абыхэм унафэ пыухыкIа къащтэ: псэууэ бийм Iэрагъэхьэну хуэмей яшхэр зэбгъурагъэуващ, псэ зыIут а блынымкIэ бгъэдыхьэпIэншэ защIри, езыхэр я щIыбагъ къыдэуващ. БлэукIа къахэмыкIыу, зэ уэгъуэм абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и шыр иукIыжащ, езыхэр хэкIуэда нэужь, бийм къыхуэмыщхьэпэн хуэдэу.

ИтIанэ абдежым кърихьэлIахэм ящыщу псэууэ къэнахэм зэи ягу имыкIыжа зауэзэрылIым щIидзащ. БжыгъэкIэ зэхуэмыдэу яуб-

ла а зэбгъэрыкIуэныгъэм иужькIэ, шапсыгъ хыщIым я хьэдэхэр губгъуэм къинащ, я хъуреягъкIэ нэхъыбэжу къэзакъхэр, шыхэр, Iэщэ къутахуэхэр щылъу.

* * *

АДЫГЭХЭМ уи нэгум къыпхущIэмыгъэхьэн хахуагъ къагъэлъэгъуащ. Урыс мыжурэхэмрэ топышэхэмрэ дэнэкIи къащыпежьэу, тIощIым щIигъурэ къытрагъэзэжурэ ахэр урысхэм къебгъэрыкIуащ.

«УхэкIуадэмэ нэхъыфIщ, бийм уи къуэшым и хьэдэр къыхуэбгъанэ нэхърэ», - жызыIа Тхьэм и лIыкIуэм и уэсятым хуэпэжу, ахэр урысхэм я топ гъэувыпIэхэм нэс къыкIуэцIрыкIхэрт, зауэзэрылI гужьеигъуэм щыхэкIуэдахэр къалъыхъуэжу. Зауэ губгъуэм къинар жэнэткIэ къэзыгъэгугъэ диным ерыщу зэрыбгъэдэтхэращ мы зауэлI лъэпкъхэм дащIыпэмылъэщыр. Зэхэуэ гуащIэхэм ущыхэплъэкIэ, къарууэ къыхуэнэжар зэхилъхьэжу, и сэшхуэр зытрикъута урыс никъуэлIэм и хьэдэм и гъусэу щIым техуэн хуэдэу, зи бгъэгум мыжурэ кIуэцIрыкIа адыгэр бийм ебгъэрыкIуэу зэкъымтIэукъым узэрырихьэлIэр.

**ДЕ ПИНЭ Эмануэль**,
*урысыдзэм хэту Кавказым щызэуа франджы уэркъ.*
*1830 гъэ*

ДИ НЭГУМ къыщIэува сурэтыр гукъутэт: хьэхэм никъуэшх ящIауэ адэмодэкIэ щызэбгрыдза сабий, бзылъхугъэ, лIыжьфызыжь хьэдэхэр. ИIэпхъукIхэр, мэжалIэмрэ узымрэ я фэр ирихарэ я лъэр яхузэблэмыхыжу, зыкъызэраIэту ехуэхыжхэрти, зэрыпсэууэ хьэ мэжэщIалIэхэм къаIэрыхьэрт.

**ДРОЗДОВ Иван**,
*Кавказ зауэм хэта урыс офицер.*
*1863 - 1864 гъэ.*

БГЫРЫСХЭР гъэIэса зэрыхъун Iэмал нэхъ зэпэщу Вельяминовым илъытэр гъаблэрати, тенджызым къызэпрашу зыри къаIэрымыхьэн хуэдэу, Iуфэм Iэнэпэрэ Гагрэрэ я зэхуаку дэт кхъухьхэмрэ дзэ щхьэхуэрэ Iугъэувэн хуейт, адыгэхэр мэжэщIалIагъэм иубыдын хуэдэу.

А къарухэм, япэрауэ, я къалэнт урыс къуажэхэм нэхъ щIы пшэрхэр ирагъэубыду, бгырысхэр ящIхэм щызэхагъэкIуэтэныр. ЕтIуанэу - тепщэгъуэм и унафэрэ и арэзыныгъэрэ хэмылъу зыхуей-зыхуэныкъуэ зыри къаIэрымыхьэн папщIэ, ахэр щIыналъэм и адрыщIкIэ зыми ялъэмыIэсу щIын хуейт.

**КОРОЛЕНКЭ Прокопий**,
*Теджыз ФIыцIэ къэзакъыдзэм и тхыдэтх.*
*1874 гъэ*

КОНСТАНТИНОПОЛЬ дызышэн хуей кхъухьыр сыхьэткIэ гувэрти, адыгэ тхьэмыщкIэхэм деплъыну дыкIуащ псори. Ахэр зэрыт щытыкIэ хьэлъэмрэ яшэч бэлыхьымрэ ди нэпсхэр къыщIихуащ. Щхьэж хузэфIэкI зэхэтлъхьэри, ерыскъы яхуедгъэхьащ. Анэхэм, адэхэм я бынхэр IэплIэкIэ къыдбгъэдахьэурэ къыджаIэрт: «КхъыIэ, мыр фщэху. Щэху цIыкIущ, фигъэбэмпIэнукъым, псынщIэу къывэсэнщи, сытри къыфхуищIэнщ. КхъыIэ, зиусхьэн, щэху!»

Гур зыкъутэ теплъэгъуэт ар. Уэ зи сабийхэр къыдэзыгъэщэхуну хэт анэ тхьэмыщкIэхэ! Дауи, ахэр гу быдэщ жыпIэу пхуэгъэкъуэншэнукъым. Сабийхэр ящэмэ, мы ирахужьа тхьэмыщкIэхэм гъащIэ къыхуащэхуу арат, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыхэм фIыуэ ящIэрт езыхэм къызыхуагъанэмэ, ахэр мэжэщIалIагъэм, е щIыIэм, е къаруушагъэм зэрилIыкIынур. Я щхьэр къазэрыфIэмыIуэхуж гурыщIэрат ахэр зезыхуэр...

ЩIыIэмрэ мэжэщIалIагъэмрэ я фэр пихуауэ, адыгэ тхьэмыщкIэхэу щIы



**Анапэ щыщ убых зауэлI.**
*СурэтыщIыр* **Гагарин Григорийщ**. *1844 гъэ*

пцIанэм телъхэр; гъуэгум къащытепсыха гугъуехьыр зыхуэмыгъэву дунейм ехыжа сабийхэр; абыхэм я мащэ къатIагъащIэхэр; я псэр хэкIын и пэ слъагъугъа иджыри нэгъуэщI куэдыр; анэ тхьэмыщкIэ зи сабийр щIыIэмрэ гъаблэмрэ щызымыхъумэфхэр зэрыт сурэт гужьеигъуэр - а псори си нэгу щIэмыкIамэ, сэри жысIэнкIи хъунт мы адэанэхэр гущIэгъуншэу. Ауэ слъэгъуа нэужь жызоIэ, абыхэм ящIэр адэкIэ кIуапIэ зимыIэж анэ лъагъуныгъэм къызэрыхэкIар. Мы гузэвэгъуэм нэплъэжыгъуэ къыщезыт я бынхэр къахуэнэ нэхърэ, ахэр ажалым къыIэщIатхъын папщIэ, ятмэ нэхъ къащтэу.

**ОЛИМПИЯ Эдвард**,
*франджы тхакIуэ.*
*1864 гъэ*

ДЖАНАШИА Симон игу къинэжат шапсыгъ къуажэ Агуий щыщ илъэс 91-рэ зи ныбжь Нэхусосдадэ зэрыхуэзар. Зы пычыгъуэ къыдохь шапсыгъ хъыбарым щыщу: «1862 гъэм Жьыубгъу мухьэжырхэм я хъыбар къэсащ. Илъэсиблым и кIуэцIкIэ тенджыз Iуфэм цIыху къупщхьэ Iулъащ, къуаргъхэм я абгъуэр цIыхухъу жьакIэхэмрэ бзылъхугъэ щхьэцхэмрэ къыхащIыкIыу. Илъэсиблым и кIуэцIкIэ псым, хъарбызым ещхьу, щхьэкъупщхьэхэр къызыхидзу екIуэкIащ. Бийм Тхьэм иримыгъэлъагъукIэ а сэ слъэгъуар...»

**ДЖАНАШИА Русудан**,
*куржы профессор.*
*2007 гъэ*

ИУЖЬЫМ унафэ къэкIуащ адыгэ тхьэмыщкIэхэр Псыжь тафэм, урысхэм я зэхуаку щыдагъэзэгъэну. Бгырысхэм ар насыпу къалъытэрт. АрщхьэкIэ, дэнэт! МащIэ дыдэт а насыпыр зыIэрызыгъэхьэфынур.

Тыркум Iэпхъуахэм я зэхуэдитIым щIигъур абы илъэс бжыгъэм илIыхьащ, къэнахэм къыпхуэмыIуэтэну къулейсызыгъэ ин ятелъти, урыс гъунапкъэм къызэрысыжын къару яIэтэкъым.

А псом ищIыIужкIэ, мыбдежым адыгэхэр зрагъэувэщ щытыкIэр Iуплъэгъуейщ. Хуитыныгъэм нэхърэ нэхъ лъапIэ щымыIэу зылъытэ лъэпкъ нэжэгужэм, жыджэрым урысхэм я тепщэныгъэр игу тригъэхуэпам нэмыщI, зрагъэтIысхьа щIыпIэм кIэраIулIам хуэдэщ. ЩакIуэми дэнэми, зыщIыпIэ кIуэну зи мурад адыгэм жылагъуэ унафэр зыIэщIэлъ дзэпщым тхылъымпIэ къыIихын хуейщ, здэкIуэр, къыздикIыр, иIыгъ Iэщэ лIэужьыгъуэр иту. Апхуэдэ тхылъымпIэ зымыIыгъыр яубыдынурэ тетым деж яшэнущ. Къуршыбгъэ уардэхэм я щIыпIэм дыгъуэжьхэмрэ хьэIуцыдзхэмрэ къихутащ.

* * *

БГЫРЫСХЭМ, я Iуэху зэрыдамыгъэкIыфынур къагурыIуэри, я псэр ятыну мурад ящIащ, ауэ я лIэкIэми хахуагъ хэлъът. Бийр яукIыурэт езыхэр зэрылIэр. ГущIэгъу къыхуащIыну щыгугъыжхэртэкъым икIи хуейхэтэкъым, зэгурыIуэнри ядэжыртэкъым. Дэтхэнэ зыри и анэ, и щхьэгъусэ, и бын щхьэкIэ зауэрт. Мыбыхэм ятеуэу аратэкъым иджы, аслъэныр гъущI хъарым ирагъэубыдауэ Iэсэлъасэу зэдзэкъэн тIэкIу удзым къыщиулъэпхъэщыну трагъэгушхуэрт. Къуршыбгъэр джэдэщым щIэтIысхьэну хуит ящIырт, и дамэхэмрэ и лъакъуэхэмрэ япхауэ. Хэкум пэIэщIэу упсэуныр бгырысхэм я дежкIэ лIэныгъэм нэхърэ нэхъ Iеижт. ИIэпхъукIын щIэзыдза бгырысхэр псы Iуфэхэм щыщызэхуэскIэ, цIыхубзрэ сабийуэ яхэтыр мащIэ дыдэт. КъызэрыщIэкIымкIэ, ахэр урысыдзэхэр щебгъэрыкIуа зэманым къатехьа лейм ихьыжащ. МэжэщIалIагъэм, щIыIэм илIыкIхэрт, я акъылыр яфIэкIуэдырт. ЦIыху сурэтым икIахэу мэзым щIэсу щэ бжыгъэкIэрэ цIыхухэр къагъуэтыжырт. Граф Евдокимовым Фадеев генералым жриIат: «Дзэзэшэм хуэстхащ, сыт дэфтэр къэс щIыIэм игъэдыкъауэ гъуэгум телъ хьэдэхэм я гугъу щIищIыр? Сыт, джыназышхуэмрэ сэрэ ар дымыщIэ и гугъэу ара?»

1864 гъэм и фокIадэм ди дзэхэр сатыр-сатырурэ Псыкупс, Шэбшэ и Iуфэхэм ирикIуащ, къахуэзэ лъэпкъ псори Тыркум ирагъэкIын папщIэ тенджызым кърахулIэу. Зауэм и пэ КъухьэпIэ Кавказым бгырыс нэрыбгэ 500.000 исащ. Абыхэм ящыщу 200.000-р Тыркум Iэпхъуащ. 80.000-р къыхуагъэлъэгъуа щIыпIэм итIысхьэну арэзы хъуащ. 220.000-р, нэгъуэщIхэм зэрыжаIэмкIэ - 170.000-р мы зауэм хэкIуэдащ.

* * *

БГЫРЫСХЭР къимыкIуэту я къэкIуэну махуэм фIыкIэ щыгугъхэрт, я гъуэгур зэрызахуэр ящIэрти, темыкIуапIэ яIэтэкъым. Сыти жыIи, ди фIэщу зыкъэдгъэпцIэжми, къэралыгъуэм и фейдэшхуэ хэлъу Iэмал зимыIэ Iуэху щхьэпэ зэфIэдгъэкIауэ жытIэу зыдухеижми, дэращ абыхэм я хэкури, я унэ-жьэгури, я щIакхъуэ Iыхьэри къатезыхар.

**НЕМИРОВИЧ-ДАНЧЕНКЭ Василий**,
*урыс тхакIуэ, журналист, зауэ корреспондент.*
*1876 гъэ*

УРЫСХЭМ я быдапIэхэр нэхъри нэхъ шынагъуэжу, Iуву зэхэту кърагщIэкIмэ, абыхэмкIэ Адыгэ Хэкур ялъахъэфынущ. Ауэ игъащIэкIи къэбэрдей лъэпкъ пагэм, бжьыфIагърэ цIыхугъэкIэ Адыгейм и лъэпкъ хэIэтыкIахэм фIэкIа пхухуэмыгъэдэнум, абыхэм я щIопщым зыдигъэщхъынукъым.

Зэ закъуэ нэхъ мыхъуми, Къэбэрдей Хасэм екIуалIэу мы цIыху щапхъэ гуакIуащэр зи нэгу щIэкIам, ахэр дунейм щытепщэныр я натIэу и фIэщ нэхъ хъунщ, урысхэм я пщылI, нэгъуэщIу жыпIэмэ, пщылIхэм я пщылIыж хъун нэхърэ.

**БОДЕНШТЕДТ Фридрих**,
*нэмыцэ усакIуэ, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ.*
*1855 гъэ*

# Хьэжрэт къуажэхэм я фIэщыгъэхэр

*Кавказ зауэжьым кърихужьэу, хэгъэзыхьыныгъэкIэ щIыпIэ-щIыпIэхэм Iэпхъуэу къэзыкIухьа адыгэ жылэхэм я тхыдэм къыхощыж здэщыпсэуа щIыпIэхэм я цIэ куэд. Мыр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ, сыту жыпIэмэ, фIэщыгъэцIэжьхэм я нэхъыбэр яIэщIэхужауэ къагъэсэбэпыжыркъым, иныкъуэхэри хамэбзэ зэхъуэкIыкIэ хабзэхэм ирагъэувэкIэрэ апхуэдизу яхъуэжащи, я къежьапIэхэр адыгэ псалъэху зэрыщытыр нэгъэсауэ къыпхуэхутэжыркъым. Абыхэм ящыщщ Тебэрды, Псыжь, Инжыдж ЦIыкIу, Инжыджышхуэ, Уарп, Щхьэгуащэ, Лабэ псыхъуэхэм хьэжрэт жылэхэр щыщетIысэха щIыпIэхэм, Iуащхьэхэм, псы цIыкIухэм я цIэхэр. Арами, ахэращ нобэ щыхьэт техъуэр а щIыпIэхэм адыгэ жылэхэр зэрыщыпсэуам. Нобэрей тхыгъэмкIэ фи пащхьэ идолъхьэ ди къуажэхэм я тхыдэ лъагъуэхэм дыщрикIуэм адыгэ фIэщыгъэцIэжьу мы псыхъуэхэм дызыщыпэщIэхуахэр.*

### Инжыдж ЦIыкIу и псыхъуэм

**Базырджэнхэ я псынэжь** - Ботэщей къуажэмкIэ Инжыдж ЦIыкIум къыхэлъадэу къэгъэлъэгъуащ.

**Бэтэгъэжь** - Зеикъуэ и адрыщI Iуфэм къыщылъ щIыпIэу итщ. Ардыдэр Инжыджышхуэ и Iэгъуэблагъэми къыщыхощ.

**Зэлэн щыгу** - Али-Бэрдыкъуэ и къухьэпIэмкIэ къыщылъ Гынгухъуэщхьэм ищхьэжкIэ иIэ лъагапIэм и цIэу къыхощ. «Наш аул Али-Бердуковский (Хахандуковский)» тхылъми, къуажэм и тхыдэр щызэхуэхьэсыжа нэгъуэщI тхылъхэми къыхэщыжу и лъэужь дгъуэтакъым. Арами, XX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм, щIыпIэцIэхэр къэзыхутэжу мы лъэныкъуэмкIэ къэкIуа КIуэкIуэ Джэмалэдин и лэжьыгъэми къыщыдгъуэтащ. КIуэкIуэм ар къыжезыIауэ итыр Али-Бэрдыкъуэ къуажэдэс Маху Мусэщ.

Мы фIэщыгъэм мыхьэнэ ин иIэщ. Япэрауэ, ар къызытекIар адыгэ псалъэщ - зэлэн, къызэрылэжын - «договориться, прийти к согласию». Зэлэн щыгу - «вершина, где договаривались, вершина примирения». И цIэ закъуэм къыбжеIэ ар хэгъуэгум пасэм щыпсэуа адыгэхэм я зэгурыIуэныгъэ щIыпIэу зэрыщытар.

ЕтIуанэрауэ, ар зи цIэ лъагапIэм и лъэныкъуитIымкIи къыщылъ псыхъуэхэми псы ежэххэми я цIэхэр абы къызэрытекIам шэч хэлъкъым. Зэвгъапщэ: «Зэлэн щыгу» - «Зеленчук».

**Къамылыкъуэ** - Инжыдж ЦIыкIум и ижьырабгъумкIэ къыхэлъэдэжу къыхощ.

**Кхъузанэкхъэ** - Инжыдж ЦIыкIу и ижьырабгъумкIэ къыппэщIэхуэ цIэщ. Адыгэхэр щыпсэу щIыгухэм куэду къыщыппэщIохуэ. НэгъуэщIу йоджэ «Iуащхьэ бын» цIэмкIэ.

**Псыхуом** - Къиугъуейуэ, зэпIэзэрыту къежэх зи хабзэ, Марыхъу псым къыхэлъэдэж, нобэ «Аксаут»-кIэ зэджэ псыращ.

**ХьэщIэмахуэ Iуащхьэ** - Инжыдж ЦIыкIу и ипщэ лъэныкъуэмкIэ иIэу къыхощ.

### Инжыджышхуэ псыхъуэ

**Дыгъужьыб** - Беслъэней ипщэмкIэ къыщылъ щIыпIэу къыхощ.

**Лъакъуищ** - ПсэукIэ-Дахэ къуажэм и ищхъэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ къыщыппэщIэхуэ щIыпIэщ. Инжыдж ЦIыкIу псыхъуэми ущрохьэлIэ «Пхъэ лъакъуищ Iуащхьиищ» фIэщыгъэм.

**Шэтлауч** - ПсэукIэ-Дахэ ищхъэрэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ, Инжыдж ЦIыкIу псыхъуэм ижьырабгъум къыIулъ щIыпIэхэм зэрахьэ фIэщыгъэщ.

**ЩыгущI** (Шугус) - Инжыджышхуэрэ Лабэшхуэрэ я къежьапIэхэм щыIэ щIыпIэхэм я цIэщ.

**Шыбланэкъуэ** - иджырей Ново-Кувинский къуажэм ищIагъкIэ Инжыджышхуэ къыхэлъэдэж псы цIыкIущ.

**Шылыч** - Чэфар (Кяфар) псым и сэмэгурабгъумкIэ къыхолъадэ.

### Псыжь, Тебэрды псыхъуэхэр

**Дэгъуэт** - Псыжь къыхэлъадэ псыуэ къэгъэлъэгъуащ.

**Дыгъуагъуэ** - Хъумэрэ ипщэкIэ Псыжь къыхэлъэдэж псыщ.

**Жыгуэнэз** (Джегонас) - Псыжь ижьырабгъумкIэ къыхэлъэдэж псымрэ бгыжьэмрэ я цIэщ.

**Жыгуэтэ** (Джегута) - Псыжь ижьырабгъумкIэ къыхэлъэдэж псымрэ бгыжьэмрэ я цIэщ.

**ЖыгейщIэхъу** - Хъумэрэ къуажэм и Iэгъуэблагъэм щыIэщ.

**Жьэгъу лъабжьэ** - Хъумэрэ ипщэкIэ удэкIуеймэ узыхуэзэ бгыжьэмрэ абы и щIагъымрэ зэрахьэ цIэуэ къыхощыж.

**Индыш** - Псыжь и ижьырабгъумкIэ къыхэлъэдэж псыщ.

**Къуэбыщ псы кIуэцI** - иджырей Къумыщ къуажэм ищIагъымкIэ щыIэщ (Псыжьыпсым лъэмыжыр здытелъ щIыпIэм хуэзэу). Къуэбыщ псы кIуэцI жиIэмэ - «вода, замкнутая в ограниченном пространстве ущелья» къикIыу аращ.

**Хьэжрэт гъуэгужь** - Гумыпс къыщежьэу иджырей УчкекенкIэ къыщхьэдэхыу, Карачаевск къалэ ипщэкIэ, иджырей Каменномостым деж иIэ зэпрыкIыпIэм ухуэзышэ гъуэгу.

**ХьэщIэукI** - Тебэрды и сэмэгурабгъумкIэ къыщылъ нэпкъ, къыр.

**Хъыцэкъуэ** - Тебэрды псыхъуэм щыIэщ.

**Шокуэ** - Псыжь и сэмэгурабгъумкIэ къыхэлъэдэж псы цIыкIу

**Шыгуарэ, Шыгуарэ цIыкIу** - Хъумэрэ ипщэмкIэ, Псыжь ижьырабгъумкIэ къыхэлъэдэж псы цIыкIухэщ.

### Щхьэгуащэ псыхъуэ

**Абагъуэ** - Щхьэгуащэпсым и сэмэгурабгъумкIэ къыхэлъэдэж псыщ. А цIэ дыдэр Шугъусэ бгым ищхъэрэ бгыжьэм ирикIуэу къегъэлъэгъуэж Апостоловым.

**Вийдыкъуэ** - Щхьэгуащэ и ижьырабгъумкIэ къыхэлъэдэж псы цIыкIуу Хъан-Джэрий къегъэлъагъуэ.

**Гъуд** - Щхьэгуащэ и Iуфэм, Даховскэ станицэм къыбгъурылъ бгылъэщ.

**Гъуэзэрыплъэ** - Щхьэгуащэ ипщэкIэ щыIэ бгым, псы къыхэлъэдэжым, жылэ щысым я цIэщ.

**Дахъуэ** (Дахэ) - Лабэрэ Щхьэгуащэрэ я куэщIым дэт бгыхэм, Щхьэгуащэпсым ижьырабгъумкIэ къыхэлъэдэж псыхэм я цIэщ. Абы и Iуфэм Iусым Даховскэ станицэм и цIэр абдеж тIыса «Даховский отряд»-м къытекIауэ иджы ягъэхъыбарми, ахэр хэгъуэгум къыщимыхьами щIыпIэм а цIэр зэрихьэрт.

**ДжэгуакIуэ** (Дегуак) - Щхьэгуащэ псым и сэмэгурабгъумкIэ къыхэлъэдэж псым, Даховскэ станицэм и адрыщI Iуфэм къыщылъ губгъуэм зэреджэщ.

**Дыдыгуш** - Щхьэгуащэ и ипщэ ижьырабгъу лъэныкъуэм къыщылъ бгылъэм и цIэщ.

**Жымарыкъуэ** (Джимарук) - Щхьэгуащэ и къежьапIэмкIэ щылъ бгыщ.

**Къамылыкъуэ** (Чамлык) - иджырей Хьэгъундыкъуейм купщIэ хуэхъуа жылэр Щхьэгуащэ и Iуфэм здыIусам деж блэж псы цIыкIущ (Щхьэгуащэ холъэдэж).

**ТхьэщI** - Щхьэгуащэрэ Лабэ ЦIыкIумрэ ипщэ куэщIым иIэу къыхощ.

### Лабэ псыхъуитIым

**Ажэкъуэ** - Лабэ и ижьырабгъумкIэ къыхэлъэдэж псымрэ абы къыIулъ хъупIэмрэ.

**Архъыз** - Лабэ ипщэкIэ щыIэ къущхьэхъу хъупIэ.

**Ахъмэтыбг** - Лабэшхуэмрэ Лабэ цIыкIумрэ щызэхэлъэдэжым пэгъунэгъу бгыжьэ кIыхь.

**Архъэшу и сын** - Ахъмэтыбгым и щыгум тет мывэ сын лъагэщ.

**Гъуагъэ** - Лабэ и ижьырабгъумкIэ къыхэлъэдэж псыщ.

**Дамэгъурц** - Лабэшхуэ ипщэкIэ къыхэлъэдэж псым, абыхэм я къежьапIэхэм щыIэ бгымрэ щхьэдэхыпIэмрэ я цIэщ. Иджы зэратхыр «Дамхурц» жиIэущ. Ауэ къызытекIар адыгэбзэщ - Дамэ+гъурц - «каменистое, сухое плечо».

**ДамэщIыкъуэ** - Лабэ къыхэлъэдэж псыщ.

**Джэдуунэ** - иджырей Лабинскыр зытес щIыпIэм щыса адыгэ жылэм и цIэщ.

**Зэгъдан** - Лабэшхуэ ипщэм ижьырабгъумкIэ къыхэлъэдэж псыщ.

**Къызылбэч** - Лабэ ЦIыкIу и ижьырабгъумкIэ къыхэлъэдэж псыщ.

**Кхъужьджабэ** - Лабэшхуэ и ижьырабгъумкIэ къыхэлъэдэж псы цIыкIумрэ абы къыIулъ щIыпIэмрэ я цIэщ.

**Шэкъан** - Лабэ псыхъуитIым я куэщIым иIэ мэз.

**Шэрэдж** (Шередь) - Лабэ къыхэлъэдэж псыщ. Хъан-Джэрий и деж къыхощыж.

**БЕМЫРЗЭ Зураб.**

# Зыри ибзыщIыркъым

**<u>Накъыгъэм и 21-р дэнэ щIыпIэ щыпсэу адыгэми ди зэхуэдэ щыгъуэ махуэщ. А махуэм и пэ къихуэу, 1763-1864 гъэхэм, лъыпскIэ гъэнщIа илъэсищэ зауэ екIуэкIащ. Мис а зауэм щыщ Iыхьэ мащIэм Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ «ЩIалэгъуалэ Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм лъэпкъыр щыгъуазэ щищIащ щыгъуэ махуэм ирихьэлIэу.</u>**

ЗЭЩIЭХЪЕЕНЫГЪЭМ къызэригъэпэщащ «CIrcassIa TV» проектыр икIи ар къигъэсэбэпкIэрэ адыгэм и тхыдэ гуауэр къэтIэщIыным иужь дихьащ.

Зи гугъу тщIы Iуэхугъуэр къэхъуащ Кавказ зауэр щекIуэкIа лъэхъэнэм, нобэрей Къэрэшей-Шэрджэсым хиубыдэ щIыпIэм деж - Ахъмэтыбг и лъапэм.

Къэбэрдейр Урысейм къиззэуа нэужь, щIыпIэм щагъэува хабзэм еувэлIэн ямыдэу, къэбэрдеипщхэу Аджджэрий и къуэ Кушыкурэ Къарэмырзэ Алийрэ я цIыхухэр я гъусэу щэхуу Хэкум икIуэсыкIри, Кавказым и КъуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ Iэпхъуат, я цIыхухэмрэ езыхэмрэ нэхъ хъума хъун папщIэ. Аджджэрий Кушыку Хуарзэ псыщхьэр тIысыпIэ ищIащ, Къарэмырзэ Алий Лабэпсым зэпрыкIри, Ахъмэтыбгым щIэтIысхьащ. Кушыкупщ хуэдэу, Алии зи лIыгъэрэ зи хахуагъэкIэ цIэрыIуэ хъуа, щытхъурэ щIыхьрэ зи джатэкIэ къэзызэуа зауэлIт. Абы и гъусэу а къуажэм дэст адыгэхэм «шыщхьэмыгъазэ» зыфIаща уэркъ Щоджэн Шумахуи. Ахэр зыдэтIысхьа быдапIэм къыдэкIыурэ я дзэхэр я гъусэу пащтыхьыдзэм езауэт. Урыс пащтыхьым екIун ядэртэкъым, Тыркуми икIыну хуейтэкъым. Арати, урыс пащтыхьым и жыIэм щIэувэну хуэмей Къарэмырзэ Алий и къуажэр зэтриукIэну мурад ищIащ «генерал плъыжькIэ» адыгэхэр зэджэу щыта Вельяминов Алексей. Къарэмырзэ Алий и къуажэр а генералым зэрызэтриукIа щIыкIэр урысхэм а зэман дыдэм ятхыжауэ щытащ. Мыращ абы итыр:

«Гъатхэм зы вагъуэ закъуи къэмыблэу Кавказым къыщыхъу жэщхэм ящыщ зым, нэхъ тэмэму жытIэмэ, 1825 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м, адыгэхэр гущIэгъуншэу зэтезыукIа Ермоловым и унафэкIэ, «генерал плъыжькIэ» адыгэхэр зэджэу щыта Вельяминовым и дзэ фIыцIэр лъэсырызекIуэу батальонищ, топ 18, кавказ лъэпкъхэм, кубань лъэпкъхэм, къазакъхэм ящыщу полкитI Псыжь зэпрыкIри, Къарэмырзэ Алий и къуажэм екIуалIэри, уэздыгъей мэзым щIэтIысхьащ. Дзэм къапэщылъ къалэным хэзыщIыкIыр генерал плъыжьым и закъуэт. Ауэ Iуэхур зытетым дзэм хэт адыгэ зыбжанэм гу лъатащ. Дзэм загъэпсэхуу мэзым здыщIэсым адыгэхэм ящыщ зы яхэкIуэсыкIри, Алий и къуажэм кIуащ. ЦIыхухэр гъуэлъыжауэ жэщыбгым нэсри, Къарэмырзэм и щхьэгъубжэм теуIуэри, къыщIишащ.

«Сэ урысыдзэм къулыкъу щызощIэ, - жиIащ къэкIуам, - ауэ уи къуажэм дэс сабийхэмрэ цIыхубзхэмрэ сфIэгуэныхь мэхъу. Уи цIыхухэр ажалым къегъэл, нобэ е пщэдей дзэр къыфтеуэнущ. Генерал плъыжьым дзэ къывишэлIауэ уэздыгъей мэзым щIэсщ».

«Уэ ухэт, - жиIэри Алий еупщIащ а къэкIуам, - сэ беслъеней уэркъхэм сащыщщ, си цIэр Къырымджэрийщ, Дохъушокъуэхэ сарейщ. Сэ пэжыр бжесIащ, адэкIэ уэ уззрегуакIуэщ», - жиIэри IукIыжащ.

Къарэмырзэм асыхьэтым жылэр къызэхуишэсри, хъыбар Iейр яжриIащ. АрщхьэкIэ, «Унэхъуним и тхьэкIумэм кIий-гуо макъ иIуэжыркъым», жыхуаIэрати, лIыжьхэм ядакъым: «Апхуэдэу жаIэурэ дапщэрэ пцIыкIэ драгъэжэжьа» жари.

МыдэкIэ, Дохъушокъуэм дзэм и деж къигъэзэжа нэужь, Къарэмырзэм жриIар и фIэщ мыхъуауэ гугъэ ищIри, генералым жриIащ: «Генерал, Къарэмырзэ и къуажэм сыплъати, зыри дэсыжу слъэгъуакъым. Къэбэрдейхэр къуршым ихьэжащ», - жиIэри. Ауэ абы генералым жриIэм къедаIуэу щыт Щауэгъурым (ари адыгэу а дзэм хэтт) генералым бгъэдыхьэри, еIущэщащ: «Уи фIэщ умыщI, генерал, Дохъушокъуэм жиIэр, ар пцIыупсщ, бзэгухьщ. Сэ иджыпсту къуажэм сыкIуэнщи къэсщIэнщ», - жиIэри, шэсри Iужащ.

ЕтIуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм Щауэгъурым къигъэзэжащ, къуажэр мыхъеяуэ и пIэм зэрисри генералым жриIащ. Дохъушокъуэр ягъэтIысащ. А жэщ дыдэм генерал плъыжьым и къэзакъ шуудзэр Бекович-Черкасскэм и Iэмыщхэ ирилъхьэри иутIыпщащ Къарэмырзэ Алий и къуажэм икIэщIыпIэкIэ нэсу ар къиувыхьыну, лъэсыдзэхэмрэ топхэмрэ нэсыху зыри къыдимыгъэкIыу иIыгъыну.

Бекович-Черкасский Фёдор Александр и къуэр адыгэпщт, Елмырзэхэ ящыщт. Беслъэн пцIапцIэ и лIакъуэхэм къатепщIыкIат, и цIэ дыдэр Темырболэтт. Бекович-Черкасскэм Къарэмырзэм и къуажэр къиувыхьауэ нэху къекIащ.

Иужь иту къакIуэ дзэхэмрэ топхэмрэ пэмыплъэу ахэр нэхущым къуажэм теуащ. Унэхэр ягъэсу, джанэ пцIанэу къыщIэкIхэр яукIыу дзэр жылэм дэзэрыгуащ. Къуажэм и лъэныкъуищыр дзэм яубыдати, къыдэкIыпIэ иIэтэкъым. ЕплIанэ лъэныкъуэр щыхупIэт, ищIагъым Лабэ щежэхырти, фызхэмрэ сабийхэмрэ гужьеяуэ абы елъэурэ, псым куэд итхьэлащ.

Къарэмырзэ Алий и пщIантIэм осетин майор Дадымовыр шууэ дэлъэдащ. А дакъикъэм Алий къэптал пцIанэу фоч иIыгъыу бжэщхьэIум къиувэри, тIури я фочхэмкIэ зэуащ. Майорым и шэр Алий и нэщIащэмкIэ щытехуэри, и щхьэщIыбымкIэ щыпхыкIащ, и унэми щIэукIуриежащ. Шыщхьэмыгъазэ зыфIащауэ щыта Щоджэн Шумахуэ илъэсищ зи ныбжь и къуэ цIыкIу Исмэхьилрэ дыщэкIэ гъэщIэрэщIа и фоч нэхъыфIымрэ къэзакъхэм яIэримыгъэхьэн папщIэ, зэкIэрипхэри ,«Алыхьталэм уриа-нэмэтщ» жери Лабэ щхьэщыт нэпкъ задэм иридзыхащ. Къигъэзэжри и фыз уэндэгъушхуэр Iэ лъэныкъуэкIэ иIыгъыу, адреймкIэ зауэурэ къуажэм къащыфIыдэкIым зэдеуэхэри тIури яукIащ. Ипхъу Гуащэхъурей, зи ишэгъуэ дахэр, къэзакъхэм лей ирахри, яукIыжащ. Къэзакъхэм къуажэр ягъэсащ, цIыхухэр зэтраукIащ, мылъкур зэрапхъуащ. Iэщышхуэрэ шыуэ мини 4, гъэжауэ дыщэ, дыжьын куэд, дыщэ ахъшэ куэд зэрапхъуащ. ЦIыхуи 139-рэ гъэру, нэхъыбэр сабийрэ цIыхуб зу, лIыжь-фызыжьу яубыдри, сэлэтхэм пщылIу хуагуэшащ.

ЕтIуанэ махуэм къуажэ гъунэгъухэр къызэхуэсри, хьэдэ миным щIигъу щIалъхьащ. Бекович-Черкасскэм и дзэр щIыпIэ шынагъуэм къикIыжа къудейуэ Къейтыкъуэ Жамболэтрэ Аджэрий Кушыкурэ я дзэхэр я гъусэу къэсат, арщхьэкIэ къуажэм сахуэ фIэкIа зыри къыхэнэжатэкъым.

Апхуэдэу гущIэгъуншэу зэтраукIауэ, зэтрагъэсхьауэ щытащ Лабэ Iуфэ Iусу Ахъмэтыбгым и лъапэм щIэса Къарэмырзэ Алий и къуажэшхуэр.

«Лабэдэсхэм я гъыбзэ» уэрэдым ди нобэм къихьэсащ хъыбар гуауэр. Уэрэдыр зыусар а псори зи нэгу щIэкIа Хъаний Псыгъуэ гуащэщ, Къарэмырзэ Алий и щхьэгъусэу щытарщ. Гъыбзэр адыгэхэм псынщIэу яхэIуащ.




### Лабэдэсхэм я гъыбзэ

**Елмысхъаныр магъри,**
**Аукъэ рэуэ ией, Хъаний дахэм, а маржэ, кърегъагъых!**

**Елмырзэ и къуэм къыдищIа лейр,**
**Аукъэ рэуэ ией, дяужь къинэм, а маржэ, щремыгъупщэ!**

**Лабэжьурэ тхьэр зыдэбгамэ,**
**Аукъэ рэуэ ией, лъы бахъаер, а маржэ, къызэрыдох!**

**Мыр, ЛабэкIэмкIэ сынеплъыхыжмэ,**
**Аукъэ рэуэ ией, сабийхэр, а маржэ, уи псыхьэлъахуэт!**

**Къарэмырзэхэ фи дыщэ бжаблэр,**
**Аукъэ рэуэ ией, гын Iугъуэмэ, а маржэ, къыфхуегъэуфIыцI!**

**Джаурыжьурэ зи напэр фIыцIэр,**
**Аукъэ рэуэ ией, Елмырзэ и къуэкIэ Темырболэтт!**

**Лабэжьмэ уэздыгъей мэзым,**
**Аукъэ рэуэ ией, Ермоловыр, а маржэ, укъыщIотIысхьэ!**

**Щхьэнтэ тIуащIэм тесыгъэ гуащэхэм,**
**Аукъэ рэуэ ией, дакъэжь тIысыпIэр, а маржэ, ямыгъуэтыж!**

**Уи адэурэ Щоджэн Шумахуэри,**
**Аукъэ рэуэ ией, игъащIэми, а маржэ, шыщхьэмыгъазэт!**

**Ар фоч пэбжкIэ дагъэзыхьари,**
**Аукъэ рэуэ ией, Щоджэнхэ япхъуу Гуащэхъурейт!**

**Лабэжьым дэ дыщыдэсымэ,**
**Аукъэ рэуэ ией, жыхафэр, а маржэ, ди шэджагъуакIуэт!**

**Джаурыжьыми дыщыратыжым,**
**Аукъэ рэуэ ией, мыжьыкъ алащэм, а маржэ, дыдагъэлъэхъу!**

**Инэралым и унэ лъапIэм,**
**Аукъэ рэуэ ией, джыназкIэ сыщызэрашэт!**

**Сэ жэщгъуэлъмэ сыщыхуашэжкIэ,**
**Аукъэ рэуэ ией, тэрмэшым, а маржэ, сыхуогузасэ!**

**Лабэжьмэ дэ дыщыдэсым,**
**Аукъэ рэуэ ией, уэркъ щауэхэр, а маржэ, ди дэджэгуэгъут!**

**Джаурыжьым дыщыратыжым,**
**Аукъэ рэуэ ией, драгуныжьхэм, а маржэ, драджэгуэгъущ!**

**Ермэлофым уи топ щхъуантIэжьым,**
**Аукъэ рэуэ ией, Ахъмэтыбгыр, а маржэ, къытхуегъэпсалъэ!**

**Тетыжь бзаджэр къыщыдэпсалъэкIэ,**
**Аукъэ рэуэ ией, тэрмэшым, а маржэ, дыхуогузасэ!**

**Лабэдэсым фэ фи гуащитIри,**
**Аукъэ рэуэ ией, алащэм, а маржэ, дыдагъэлъэхъу!**

**Дэ гуащитIыр дызэблэзыхъур,**
**Аукъэ рэуэ ией, Елмырзэ и къуэкIэ Темырболэтщ!**

**Гъубжурэ пщэдджыжь мыгъуэми,**
**Аукъэ рэуэ ией, дзэ фIыцIаер, а маржэ, дэ къытщIотаджэ!**

**Сабий-бынурэ къэмытэджахэри,**
**Аукъэ рэуэ ией, фоч пащIэкIэ, а маржэ, къыщагъэлъэт!**

**Тажгуэрэ ди дыщэ пыIэри,**
**Аукъэ рэуэ ией, фоч лъэдакъэкIэ, а маржэ, къытщхьэщакъутэ!**

**Къутынгуэрэ ди гъуэншэдж цIыкIухэр,**
**Аукъэ рэуэ ией, шырыкъу лъапэкIэ, а маржэ, къытхузэIатхъ!**

**«Мамэжьейуэрэ» дыщэр зи гъуазэмрэ,**
**Аукъэ рэуэ ией, а махуэм уи быным я кIасэмрэ,**

**«Алыхьталэм уи анэмэтщ» - жори,**
**Аукъэ рэуэ ией, мы Лабэжьмэ, а маржэ, хогъэщэтэж!**

КЪЕТТХЭКIА хъыбарыр зыIуэтэжауэ щытар КъардэнгъущI Зырамыкущ. Абы ар къыжраIэжащ Шэрджэсым хыхьэ Хьэгъундыкъуей (Али-Бэрдыкъуэ) адыгэ къуажэжьым щыщ Нэхущ БетIал, Гуэгуш Ахьмэд, Нэней ФуIэд, Жу Iэюб сымэ.

Жагъуэ зэрыхъущи, адыгэм ди тхыдэр напэкIуэцI гуауэхэмкIэ къулейщ. Мы зы гъыбзэм къерикIуа хъыбарым, Iуэхугъуэ гуауэм фIыщIэгупсысыт! Апхуэдэ гъыбзэ дапщэ яуса а лъэхъэнэм? Гъыбзэм хуэдэу пэжыр зыхэбгъуэтэнур мащIэщ. АтIэ, цIыху гуауэм зыри ибзыщIыркъым... Аращи, IупщIу ди тхыдэм дызэрыхэплъэн Iэмал диIэщ. Псы ежэх къабзэм мывэ щыкъуейхэр къызэрыхэщым хуэдэу, ди тхыдэр къыхощ уэрэдхэм, ухэплъэ закъуэмэ...

**ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ.**

# Псыжьыщхьэ къыщыхута шапсыгъ къуэпс



**<u>ЛIэщIыгъуэкIэ екIуэкIа зауэм и джэрпэджэжхэр зылъэмыIэса лъэпкъи, лIакъуи, Тхьэм ирещIи, Кавказ щIыналъэм къинакъым. А лъапсэрых зауэм и лъэужьхэм ящыщу адыгэ лIакъуэ куэдым къащIэна унагъуэцIэхэм Псыжь и сэмэгурабгъум щыпсэу адыгэхэм зэрагъэпэщыжа къуажэхэм нэхъ ущрохьэлIэ. А унагъуэцIэхэр зезыхьэу щыта лIакъуэхэр Кавказ зауэм и пэкIэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр иджы зэрыс хэгъуэгум пэжыжьэу псэуащ.</u>**

КАВКАЗ зауэ нэужьым зэрагъэпэщыжа ди республикэм щыпсэу адыгэ, абазэ къуажэхэм уащрохьэлIэ Вапсынэ, Iэгуей, Мамхэгъ, Хьэтыкъуей, КIэмрыгу, Убых, Натхъуэ адыгэ лIакъуэцIэхэм къатехъукIахэм. Апхуэдэу, Шапсыгъ уэркъышхуэ Абатэхэ я унэцIэр жылэ фIэщыгъэцIэу зезыхьэ Абатэ-Хьэблэ (Эрсакон) къуажэр Инжыджышхуэ псым и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм и бжьэпэм къыщыхутащ. АтIэ сытым къихьа ахэр шапсыгъ лIакъуэм пэжыжьэ, илъэс щэ бжыгъэкIэ нэгъуэщI адыгэ лIакъуэхэр щыпсэуа щIы кIапэм?

Уарп псыхъуэ къыщыщIэдзауэ Псыжь псыхъуэ и сэмэгурабгъум нэс нэхъыбэу исар къэбэрдей, беслъэней, абазэхэ, кIэмыргуей лIакъуэхэращ. Кавказ зауэм къела адыгэхэм зэрагъэпэщыжа къуажэхэм я жылэпщхэм я цIэхэм къытепщIыкIа фIэщыгъэхэр зэрахьэ: ХьэтIохъущыкъуей, Дохъушыкъуей, абазэпщ Лэухэ я къуажэ, журтхэм я къуажэ Джэгъэнэс, Марыхъу-эстонхэм я псэупIэу щыта, нэгъуэщIхэри. Ауэ абыхэм я нэхъ гъэщIэгъуэну Уарп и псыхъуэмрэ Инжыдж псыхъуэмрэ дэсащ шапсыгъ жылагъуитI. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, Шапсыгъ щIыналъэр тенджыз ФIыцIэ гъунэм къыщыщIидзэрти, Iэдэгум, Псыжь, Супс и псыхъуэхэр къызэщIэзыубыдэ хэгъуэгу зэбгъуэзэнатIиплIу къыщылът. Абы «ШапсыгъышхуэкIэ» еджэрт, адэкIэ тенджыз ФIыцIэ гъунэм шапсыгъ цIыкIум я щIыналъэм къызэщIиубыдэрт ЦIэмэз къыщыщIэдзауэ Шахе, Пшад и псыхъуэхэр къыдэкIуэу.

Шапсыгъхэм япщу щытащ Абатхэ Хъанджэрий. Абатхэ къэбэрдей щылъхуу жеIэ абы. Бламберг Иван къызэриIуатэмкIэ, лIакъуэр цIыху мин 200-м щIегъу. Абы тегъэщIапIэ ищIыр 1830-1833 гъэхэм а хэгъуэгум щыIа Новицкэм жиIаращ. Новицкэм шапсыгъ унагъуэ мин 25-рэ къибжауэ урысыдзэм яIэщIигъэхьауэ щытащ. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, шапсыгъхэм я пщышхуэу щытащ Беслъэней Аббат, и къуэш Убых щIыгъуу. Убых тхыгъэхэм зэм Убыш жиIэу, зэми Убыхыу ущыхуозэ. Абатэпщым и къуэхэм я цIэхэр атэлыкъыу зрита лIакъуэхэм я фIэщыгъэу къаIуатэ. Псалъэм папщIэ, Беслъэней и атэлыкъыу щытар беслъэней лIакъуэм щыщти, пщы щIалэм ар цIэуэ фIащащ. Адрейр убыххэм я деж щапIати, Убых къыфIащащ.

Адыгэ лъэпкъым и къэкIуэнур, и дуней тетыкIэнур Уэсмэн къэралымрэ Урысей империемрэ щаубзыхуа лъэхъэнэм Абат Беслъэней акъылбалигъ хъуат. Адыгэ лъэпкъым и пщэдейрей махуэр, езыр хэмыту, бэзэрым щащэ хьэпшыпым хуэдэу, къэралышхуитIым зэфIахащ Адрианопольскэ зэгурыIуэныгъэмкIэ. Абы къыщыгъэлъэгъуа щхьэкIуэ шэчыгъуейращ зэгуэрми зым и лъэгущIэтыну щымыта адыгэ лъэпкъыр икIуэтыпIэншэ зыщIар.

1807-1812 гъэхэм Урысейм и дзэм, Золотницкий Пётр зи унафэщIым, Натхъуей жылэу 40-м щIигъу зэтрикъутащ. Къэзакъ атаман Бурсак и гупым махуитхум и кIуэцIым шапсыгъхэм я къуэжэ 18 игъэсащ. А лъэхъэнэм Абат Беслъэней къыгурыIуащ и лъэпкъыр кIуэдыпIэм зэрыхуагъакIуэр. 1829 гъэм Беслъэней Тыркум кIуауэ щытащ адыгэхэм я щIыналъэу Урысейм иратыжар пэжрэ пцIырэ зэхигъэкIыну. Абат абдеж къыгурыIуащ Тырку къэралыр Урысейм зэрыпэмылъэщыр къыщагъэпщкIуу зэрыщытыр. АкъылыфIэ, жыжьаплъэ Беслъэней зыхищIэрт Урысейм адыгэхэр гурыIуэмэ, я Iуэху нэхъыфI зэрыхъунур икIи а Iуэхур зэфIихыным иужь итащ. Ауэ адыгэпщхэр, мы Iуэхум зэреплъымкIэ, гупищу зэкъуэуда хъуащ. Япэ гупыр Тыркум и телъхьэт, етIуанэм Урысейм и лъэныкъуэр нэхъ къащтэрт, ещанэ гупыр: хьэтыкъуейхэр, кIэмыргуейхэр, абазэхэхэр, беслъэнейхэр здеIэну лъэныкъуэр иджыри къыхахауэ щыттэкъым.

Абазэххэм, беслъэнейхэм, кIэмыргуейхэм я жылэхэр зэрызэтракъутар Абат зэкъуэшхэм я къуаншагъэу къалъытэрт. Апхуэдэу, зэкъуэш Абатхэм я гъащIэр яхуэмыхьыж щыхъум, къикIыпIэ къагъуэтри, урысыдзэр щытепщэ Псыжь и ижьырабгъум къэIэпхъуахэщ.

Кавказым и къухьэпIэ лъэныкъуэм теухуауэ зэхалъхьа картэм Теген псы цIыкIур Уарп щыхэхуэж щIыпIэм 1842 гъэм Абатэхэ я жылэ щыпсэуауэ къыщыгъэлъэгъуащ, ауэ къуажэр зыбгъэдэлъу щытар езы Беслъэней хьэмэрэ и щIалэ Щыхьым-Джэрий - ар убзыхуауэ щыткъым.

Щыхьым-Джэрий и къуажэр 1893 гъэм нэс Абатэхьэблэу тхыгъэхэм хэтщ, а гъэм и кIэм ар ятхыжащ Эрсакон къуажэцIэр иIэу. Фелицин Евгений и тхыгъэхэм къызэрыхэщымкIэ, а къуажэм дэсащ нэгъуэщI адыгэ лIакъуэхэм ящыщу: къэбэрдейуэ унагъуэ 29-рэ, беслъэнейуэ унагъуэ 17, кIэмыргуейуэ унагъуи 3, хьэтыкъуейуэ 1 унагъуэ, абазэхэу унагъуи 4, шапсыгъыу унагъуи 6, мудавейуэ 1 унагъуэ, къумыкъуу 1 унагъуэ.

Щыхьым-Джэрий и щIалэ Беслъэн бынибгъу иIауэ 1896 гъэм ятха тхыгъэм къыхощ, ауэ абыхэм адэкIэ я гъащIэм и къекIуэкIыкIар иджыкIэ убзыхуауэ щыткъым.

**ТЕМЫР Рае.**

*«Шапсугские корни в ономастике топонимике в верховьях Кубани» щIэныгъэ лэжьыгъэм къыхэтхащ.*

# 1991 - 2016 Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэхэр

## Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэр



ДАХ-м и президенту щытащ 1990 - 1993, 1996 гъэхэм.

Абы къиухащ Ленинград дэт къэрал университетым и юридическэ факультетыр, Саратов и юридическэ институтым и аспирантурэр. 1963 гъэм кандидат диссертацэр пхигъэкІащ, 1971 гъэм юридическэ щІэныгъэхэм я доктор хъуащ.

Къалмыкъ Юрэ Къэрэшей-Шэрджэс автоном областым и Хьэбэз районым цІыхубэ хьэкумыщІэу щылэжьащ, аспирантурэ нэужьым Саратов и юридическэ институтым егъэджакІуэу къыщыщІидзэри, кафедрэм и унафэщІ, профессор щыхъуащ.

Ар лэжьащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм хабзэхэр зэхэзылъхьэ и Комитетым и унафэщІу, Урысей Федерацэм юстицэмкІэ и министру, Урысейм ШынагъуэншагъэмкІэ и Советым хэтащ, Къэрал Думэм и депутату щытащ (1993 гъэм и дыгъэгъазэм щегъэжьауэ). Къэбэрдей лъэпкъым и Конгрессым и тхьэмадэу хахащ (1992). УФ-м и Президентым деж цІыхум и мылъкумкІэ иІэ хуитыныгъэр Къэзыхутэ центрым и ректору, а центрым и Советым и унафэщІу лэжьащ. 1996 гъэм Къалмыкъыр ягъэуващ цІыхум и мылъкумкІэ иІэ хуитыныгъэмкІэ Урысей еджапІэм и ректору.

Къалмыкъ Юрэ дунейм ехыжащ 1997 гъэм щІышылэм и 16-м. Ар щыщІалъхьэжащ езыр къыщалъхуа Абазакт къуажэм (Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ).

## Акъбащ Борис Хьэжмырзэ и къуэр



ДАХ-м и тхьэмадэу щытащ 1997 - 2000 гъэхэм.

Акъбащ Борис 1932 гъэм ПсэукІэ Дахэ къуажэм (Шэрджэс автоном область) къыщалъхуащ. Ар экономикэ щІэныгъэхэм я докторщ, профессорщ. Мэкъумэш ІэнатІэр механизацэ щІынымкІэ институт къиухащ. Хьэбэз райисполкомым и унафэщІу, КПСС-м и Адыгэ-Хьэблэ райкомым и япэ секретару, Къэрэшей-Шэрджэс облисполкомым и УнафэщІым и къуэдзэу, Ставрополь и политехникэ институтым и къудамэу Черкесск къалэ дэтым и ректору лэжьащ. 1976 - 1995 гъэхэм СССР-м и Минсельмашым и ІэщІагъэлІхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ институтым и унафэщІщ (Москва), иужькІэ - Промышленнэ академием (1989 гъэ). 1992 - 1996 гъэхэм Москва щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм къызэрагъэпэща «Адыгэхэр» щэнхабзэ Хасэм и тхьэмадэщ. 1993 - 1997 гъэхэм ДАХ-м и вице-президентщ, 1997 - 2000 гъэхэм абы и тхьэмадэщ. Акъбащыр и тхьэмадэу щытащ КъШР-м и Адыгэ Хасэм. 1997 гъэм хахащ КъШР-м и Парламентым и депутату.

Акъбащым куэд ищІащ ДАХ-м Урысеймрэ нэгъуэщІ къэралхэмрэ пщІэ щиІэн папщІэ. Абы и жэрдэмкІэ зэхалъхьащ ДАХ-м и Гимныр, «Шэрджэс дуней» журналыр урысыбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ, тыркубзэкІэ къыдэкІащ.

Борис и фІыщэщ «Адыгэ хабзэ» тхылъыр (Шэрджэс Алийрэ Хьэкъун Мухьэмэдрэ ятхар) дунейм къызэрытехьар. Ар ДАХ-м и тхьэмадэу щыщытам Иордан пащтыхьыгъуэм и принц Алий бен Хъусейн я пашэу адыгэ шууейхэр ирикІуащ мухьэжырхэм я гъуэгуанэм - Амман-Новороссийск - Краснодар - Мейкъуапэ - Черкесск - Налшык. Акъбащым тІэу къыхуагъэфэщащ «ЩІыхь Дамыгъэ» орденыр, медалхэр. Лъэпкъым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ «Адыгэ щІэнгъуазэ» тхылъыр (урысыбзэкІэ) къыдэкІыным зи мылъку нэхъыбэу хэзылъхьар Акъбащ Борисщ.

2003 гъэм хахащ Къэрал Думэм и депутату, а илъэс дыдэм ар етІуанэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент хъуащ.

Нэхущым къыхуагъэфэщащ ЩІыхьым и орденыр, медаль куэд. Нобэ Заурбий Урысейм и Жылагъуэ палатэм щолажьэ.

## Дзэмыхь Къасболэт ФІыцІэ и къуэр



ДАХ-м и президенту щытащ 2006 - 2009 гъэхэм.

Дзэмыхь Къасболэт 1957 гъэм къыщалъхуащ КъБР-м и Дзэлыкъуэ щІыналъэм хыхьэ Кърмэхьэблэ къуажэм. Абы КъБКъУ-м тхыдэмкІэ и къудамэр къиухащ. 1979 - 1992 гъэхэм щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым тхыдэмкІэ, филологиемкІэ, экономикэмкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым. 1981 - 1984 гъэхэм щеджащ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием, СССР-м тхыдэмкІэ и Институтым и аспирантурэм. 1992 гъэм КъБКъУ-м - КъБР-м и лъэпкъхэм я тхыдэмрэ этнографиемкІэ и кафедрэм лэжьэн щыщІидзащ. 1999 - 2014 гъэхэм Хэку тхыдэмкІэ кафедрэм и унафэщІщ, профессорщ. 2014 гъэм щыщІэдзауэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и директорщ.

Дзэмыхь Къасболэт кандидат диссертацэр 1985 гъэм пхигъэкІащ («Отечественная историография социально-экономического строя Кабарды XVIII - первой половины XIX века»), доктор лэжьыгъэр - 2001 гъэм («Адыги в политике России на Кавказе (1550 - 1770 гг.)»). ЩІэныгъэ тхыгъэу 160-м щІигъу иІэщи, ахэр нэхъыбэу зытеухуар адыгэ лъэпкъым, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэрщ.

Дзэмыхь Къасболэт КъБР-м и Къэрал саугъэтыр кърахащ (2002 гъэ). Ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Адыгэ Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэщ, КъБР-м и Парламентым и депутатщ.

## Ажахъуэ Къанщобий Музэрин и къуэр



ДАХ-м и президенту щытащ 2009 - 2012 гъэхэм.

Ажахъуэ Къанщобий 1952 гъэм къыщалъхуащ Бахъсэн къалэм. Абы къиухащ Ленинград къэрал университетым и юридическэ факультетыр, КъБКъУ-м и экономикэ факультетыр. Юридическэ щІэныгъэхэм я кандидатщ.

Ажахъуэр 1975 - 1990 гъэхэм КъБАССР-м и прокуратурэм щылэжьащ. 1990 - 1991 гъэхэм ар и дэІэпыкъуэгъущ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщІым, 1992 гъэм - КъБР-м и Президентым и къэрал чэнджэщэгъущ.

1992 - 1997 гъэхэм Ажахъуэм лэжьыгъэ зыбжанэ здихьащ: ар щытащ «Аскредит» страховой компанием и унафэщІу, «Кавказ-Инкомбанк» акционер банкым и правленэм и унафэщІым и къуэдзэу. Иужьрей илъэс 16-м ар и унафэщІщ «Бум-Банк» коммерцэ банкым.

Ажахъуэ Къанщобий КъБР-м и щІыхь зиІэ и юристщ.

## Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэр



ДАХ-м и IX Конгрессым (2012 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м) президенту щыхахащ.

Аруан щІыналъэм хыхьэ Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм 1951 гъэм къыщалъхуащ. 1974 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, 1979 гъэм аспирантурэр къиухащ. Экономикэ щІэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, ЩІДАА-м и академикщ.

Сэхъурокъуэр пэрытащ ІэнатІэ зэхуэмыдэхэм. Хьэутий 1986 - 1991 гъэхэм, 1989 - 1991 гъэхэм «Налшык», «Къэбэрдей-Балъкъэр» джэд фабрикэхэм я унафэщІу щытащ. 1991 - 1992 гъэхэм цІыхубэ депутатхэм я Аруан Советым и тхьэмадэщ, 1992 - 1993 гъэхэм КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэщ - мэкъумэш ІэнатІэмкІэ министрщ, 1993 - 1996 гъэхэм, 1997 - 2002 гъэхэм КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэщ.

2002 - 2004 гъэхэм КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэщ - щІэныгъэхэмкІэ министрщ. 2005 - 2011 гъэхэм Хьэутий и унафэщІщ ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъыныгъэмкІэ Федеральнэ ІуэхущІапІэм КъБР-м щиІэ и Управленэм. 2010 - 2011 гъэхэм КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэщ. 2011 гъэм къыщыщІэдзауэ «Ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъыныгъэмкІэ Федеральнэ ІуэхущІапІэм и Къэбэрдей-Балъкъэр референт центр» федеральнэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и унафэщІщ.

2015 гъэм ар етІуанэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу хахыжащ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхуагъэфэщащ «Зэныбжьэгъугъэ» орденыр, медалхэр. Абы кърatащ КъБР-м и ЩІыхь тхылъыр, «КъБР-м цІыхухэм хуэІухуэщІэ яхузэфІэзых ІэнатІэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр зэрехьэ, «ЛэжьакІуэ псэемыблэжхэр. Урысей» щІыхь дамыгъэр кърatащ.

## Щхьэлахъуэ Іэбубэчыр Адышэс и къуэр



Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президенту щытащ 1993 - 1996 гъэхэм.

Щхьэлахъуэ Іэбубэчыр щІэныгъэлІщ, егъэджакІуэщ, филологие щІэныгъэхэм я докторщ, Адыгэ Республикэм, Урысей Федерацэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэщ. Комсомол, парт ІэнатІэхэм пэрытащ, Адыгейм и къэрал педагогикэ институтым и доценту, профессору щытащ. Іэбубэчыр лэжьащ егъэджакІуэхэм я щІэныгъэхэм щыхагъахъуэ институтым адыгей филологиемкІэ и кафедрэм и унафэщІу. Монографие, литературэ-критикэ тхылъу 15 и Іэдакъэ къыщІэкІащ. ЩІэныгъэ тхыгъэу 300-м щІигъу иІэщ. Щхьэлахъуэр УФ-м и ТхакІуэхэм я союзым хэтщ. Ар ящыщщ Адыгэ Хасэр Адыгейм къыщызэзыгъэпэщахэм, абы и япэ унафэщІу щытари Щхьэлахъуэ Іэбубэчырщ.

## Нэхущ Заурбий Ахьмэд и къуэр



ДАХ-м и президенту щытащ 2000 - 2006 гъэхэм.

Нэхущыр Бахъсэн районым хыхьэ Жанхъуэтекъуэ къуажэм щыщщ. Ар агроном ІэщІагъэм щыхуеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым.

1960 гъэм къыщыщІэдзауэ лэжьыгъэ ІэнатІэ зыбжанэм пэрытащ. 1987 гъэм Нэхущыр КПСС-м Бахъсэн райкомым и япэ секретару ягъэув. 1990 гъэм ар Бахъсэн райсоветым и унафэщІщ. 1990 гъэм хах КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату.

Нэхущыр лэжьащ Бахъсэн районым и администрацэм и Іэтащхьэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэу, КъБР-м и Парламентым и тхьэмадэу, УФ-м ФедерацэмкІэ и Советым хэтащ.

## Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гимн

*Макъамэр* **Даур Аслъэн,** *псалъэхэр* **ІутІыж Борис** *яйщ.*

**Адыгэ хэку Іумахуэу**
**Іуащхьэмахуэ зи дыщэ таж,**
**Тхьэ ину псомкІи захуэм**
**Тыгъэ махуэу укъыдитащ.**

***Ежьу:***
**Хэкур зыгъэхэкури,**
**Лъэпкъыр зыгъэлъэпкъри**
**Ахэр псэм пэзыщІхэрщи,**
**Ди псэр ди Іэнэгурэ,**
**Ей,**
**Адыгэгур диІэу дывгъэпсэу!**

**Хэкукъутэр зи Іэужьхэм**
**Дунеижьым дытрапхъащ.**
**Дыпсэуми зэпэжыжьэу,**
**Адэжь хэкум псэкІэ депхащ.**

***Ежьу***

**ЩыІэхукІэ адыгэбзэр**
**Ди лъэпкъ дыщэр мыкІуэдыжын.**
**ЗыІутым адыгэпсэ**
**Адыгэбзэр ихъумэжынщ.**

***Ежьу***

**Ди тхыдэм дэ къыдетыр**
**Гъэ мин гъащІэм дерс къытхуэхъун:**
**Адыгэу дунейм тетыр**
**ЗылІ и быну дызэкъуэтынщ.**

***Ежьу:***
**Хэкур зыгъэхэкури,**
**Лъэпкъыр зыгъэлъэпкъри**
**Ахэр псэм пэзыщІхэрщи,**
**Ди псэр ди Іэнэгурэ,**
**Ей,**
**Адыгэгур диІэу дывгъэпсэу!**

# ДАХ-м теухуа псалъэ

## Дэр-дэру тхузэфІэкІынукъым

**Дунейпсо Адыгэ Хасэр щаухуам щыгъуэ, фэ зэрыфщІэщи, нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжауэ щыта къалэныр хэхэс адыгэхэр зэшэлІэжыныр, зэгъэцІыхуныр, зэпыщІэжыныр ращ. КІэщІу жыпІэмэ, дунейм щикъухьа адыгэхэм я зэпыщІэныгъэр иригъэфІэкІуэнырт япэ иригъэщыр.**

ИЛЪЭС 25-рэ хъуащ абы лъандэрэ. Нобэ уеплъмэ, а зи гугъу сщІа, япэу зыхуигъэувыжа къалэныр игъэзэщІауэ жыпІэ хъунущ. ДАХ-м и лэжьыгъэкІэ, и фІыщІэкІэ дэнэ щыІэ адыгэри зэлъоІэс, зэрощІэ, зэкІэлъокІуэ. Мазищ-плІы къэс абы и Хасащхьэм хэтхэр зэхуосри (сэри ДАХ-м илъэси 9-кІэ сыхэтащ), ягу зыхуэныкъуэхэм топсэлъыхь, абыхэм я хэкІыпІэхэр акъыл зэхэдзэкІэ къалъыхъуэ. Ар лэжьыгъэшхуэщ! Абдеж занщІэу щызэфІэкІрэ? Хьэуэ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, гугъуехьхэр хуабжьу инщ, дуней псом тепхъа лъэпкъым я къиинхэр цІыху зыбжанэм зэфІахыфынукъым. А псоми Хасэм и закъуэ зэрыпэмылъэщраш, и къару къызэримыхьращ иджыри къэс адыгэр зы дыщІэмыхъужар. Ар къыдэхъулІэн папщІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, къэрал, республикэ унафэщІхэр зы программэ хэхам тету зэдэлэжьэн хуейщ.

Хэхэсхэр нэхъыбэу зыгъэпІейтейр бзэр, хабзэр хъумэжыным ехьэлІауэ ди Іуэхур хуабжьу зэрыгузэвэгъуэрщ. Хэхэсыр хэхэсщ, абы хуащІ гулъытэри, иІэ зэфІэкІри куэдкІэ нэхъ мащІэщ. Иужьрей илъэсхэм Тыркум щыпсэу шэрджэсхэм ди лъэр нэхъ тІасхъэ зыщІыр адыгэхэр гъунэгъуу дызэрызэхэмысыжырщ, ди гуныкъуэгъуэхэм дащыпэлъэщу щытар къуажэхэм дыщыдэсарщ. Адыгэ нэхъыбэ дыдэ щыпсэур Къайсэрщи, Тыркум исым и проценти 5 дыхъуркъым, Истамбыл дэсыр проценти 2 къудейщ. Апхуэдэу къэрал псом уипхъауэ уису, уи бзэр пхъумэжыныр хуабжьу гугъущ, дэр-дэру ар тхузэфІэкІынукъым, абы щхьэкІэ Тырку къэралыгъуэми хэкуми зыкъытщІагъэкъуэн хуейщ. Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъым дриІыхьэу араща, я нэІэ къыттрагъэтыныр Іэмал зимыІэщ. Хэхэс зиІэ лъэпкъ куэд теткъым мы дунейм, зыплІытху хъууэ аращ. Ахэр яхуосакъ я лъэпкъэгъухэм.

Дэри ди къуэшхэм яІэ Іэмалым теухуауэ я нэІэ къыттрагъэтщ. Псалъэм папщІэ, ди егъэджакІуэхэр догъакІуэри, адыгэбзэр ирагъэджу ирагъасэ. КъБКъУ-м адыгэбзэ щезыгъэджхэр къакІуэурэ ди еджапІэхэм щолажьэ, тхылъхэр къытхурагъэхь, Хасэ лэжьыгъэмкІэ къыддоІэпыкъу. Ди щІалэгъуалэр пщІэншэу илъэс къэс Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зэрыщІагъэтІысхьэр куэд и уасэкъэ?! Ахэр хэкужьым нэкІуэжу щеджэным мыхьэнэшхуэ иІэщ. ИлъэситхукІэ абы щІэныгъэ щызэзыгъэгъуэтахэм ящыщхэр лъахэм къызэринэжым уримыгуфІэнкІэ Іэмал иІэкъым. МыбыкІэ къокІуэжри, адэжь хэкум гурэ псэкІэ пыщІа мэхъу, щІэныгъэ, гъэсэныгъэ бгъэдэлъу къэралым щолажьэ, и щхьэр егъэпсэужыф, къызыхэкІар зищІысыр ищІэжу балигъ гъащІэм хохьэ. А псори и нэІэ щІэту, къылъыкъуэкІ Іэмалхэр къигъэсэбэпыфрэ и лъэпкъэгъухэм я Іуэху игъэкІуатэу щытмэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм сэбэпынагъышхуэ къыпэкІуэнущ.

**КЪУЩХЬЭ Догъан,**
*КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ДАХ-м и ГъэзэщІакІуэ гупым хэта.*

## Лажьэхэр фымыуб. Фэри зыгуэр фщІэ

**Дунейпсо Адыгэ Хасэр щызэхэтшэ япэ дыдэ махуэм жысІауэ щытащ: «Нобэ дыухуэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр гъэ къэси нэхъ дахэ, нэхъ лъэрыхь, нэхъ цІэрыІуэ хъууэрэ кІуэнущ». Ар пэж зэрыхъуар си нэгу щІэкІащ. Къэрал, хэгъуэгу куэдым къикІахэр щызэІуощІэ, щызопсалъэ, лъэпкъ Іуэхур щызэрахьэ абы. Хэхэс адыгэхэм я дежкІэ ДАХ-м мыхьэнэшхуэ зэриІэр хьэкъ сщыхъуащ.**

КЪАЛЭН куэд дэлъщ лъэпкъ хасэшхуэм и пщэ. Ар тхьэмадэми абы щылажьэхэми зыхащІэну сфІэкъабылт. Ауэ псори зы махуэ лэжьыгъэу къызыщыхъухэр щоуэ, ДАХ-м Іуэху пыухыкІа зэфІигъэкІын папщІэ къулыкъущІапІэ куэдми, къэрал политикэми елъытащ. Ар къагурыІуэу хуэмурэ, къызэрезэгъым хуэдэу, адыгэ Іуэхур зэрахьэну сыхуейт. Лъэбакъуэ куэд ичащ ДАХ-м блэкІа илъэс 25-м къриубыдэу, нэхъ къару, лъэрыхь хъуащи, дяпэкІэ нэхъыбэжкІэ дыщогугъ.

Интернетым сыщеплъкІэ, ДАХ-м и Іэр зэтедзауэ, зыри имыщІэу щыс хуэдэу жаІэ. Сэ сызэреплъыр мыращ: Іуэху щхьэпэ куэдым иужь итщ, ауэ сытми щысин яхэслъагъуэркъым. Дэтхэнэ зыми къыгурыІуэн хуейщ зи хабзэ, политикэ зиІэж къэрал куэдым щызэбгрыпхъа адыгэм и Іуэхур дэбгъэкІын папщІэ илъэс бжыгъэхэр зэрытекІуадэр. Ауэ зэманым и мызакъуэу, нобэ мы Іуэхум акъыли, къаруи, зэхэщІыкІи ехьэлІэн хуейщ. Ар зыр адрейм дэтІыгъыжу дыщымытмэ, тхузэфІэкІынукъым. Лажьэхэр зыубхэм, езыхэми ящІэфыр ягъэлъэгъуэн, я гупсысэхэр ДАХ-м кърахьэлІэн хуейуэ къызолъытэ.

НобэкІэ япэ игъэщын хуейр сыт жыпІэмэ, Сирием къиІэпхъукІа адыгэхэр зэхуэшэсыжынырт. Ахэр иджыпсту хуабжьу щызэбгрокІ Европэм, нэгъуэщІ къэралхэм. Сыту щхьэусыгъуэфІт а зауэр СХьР-м ис адыгэ мини 100-м щІигъур Урысейм къэшэжынымкІэ. Ар ДАХ-м ищІ унафэ закъуэкІэ зэфІэкІыну щытамэ, куэд щІат ди къуэшхэр къызэретІысылІэжрэ. Ауэ къэралхэм я унафэщІхэмрэ хабзэхэмрэ куэд елъытащ. Зауэр къызэрыхьейрэ ДАХ-м хузэфІэкІ къигъэнакъым а Іуэхум папщІэ сэбэп хъуну.

**ХЬЭТКЪУЭ Фатхьи.**
*Голландие*

## Бжыгъэм укъригъэлынукъым

**ДАХ-р дызэриІэр дэгъуэ дыдэщ. Адыгэр икъухьащ. Краснодар 1998 гъэм Конгрессыр щекІуэкІыу жаІауэ щытащ: къэрал 53-м щопсэу шэрджэсхэр. Ливием, Суданым адыгэ исуу тщІакъым, Германием нэрыбгэ заул еджэну кІуауэ зэрисыр сщІэрт, ауэ мин 40-м щІигъу щыІэу къыщІэкІащ, Бельгием, Франджым, Инджылызым щопсэу.**

ПСОРИ дызэрыщІэн хуейщ. ЦІыхухэм къызэрагъэзэжыну щІыкІэм дегупсысыпхъэщ. Псори дихуэнущ Кавказым, дыкъэкІуэжмэ. Ауэ дыкъэкІуэжын и пэкІэ, Іуэху куэд зэфІэдмыгъэкІыу хъунукъым. Ар Кавказым исхэм я закъуэ ящІэн ялъэкІынукъым, дызэдэІэпыкъужын хуейщ.

ИтІанэ - ди бзэр! Бзэр бгъэкІуэдмэ, бжыгъэм укъригъэлынукъым. Ар тІэщІэкІмэ, дыкъэзыугъуеижын щыІэкъым. Хамэ щІыпІэ щыпсэухэм я щІэблэм адыгэбзэ ящІэжыркъым. Ар унагъуэми я лажьэщ, Хэкуми и лажьэщ, адыгэу дунейм тет псоми ди лажьэщ. Америкэм щыІэхэри дыапхуэдэ къабзэщ. Ди узщ адыгэ хабзэр нэхъ махэ зэрыхъур. Ди Хасэм щыдогъэдж адыгэбзэр, пэжщ зы махуэ закъуэщ (тхьэмахуэрщ) абы хухэтхыфыр, ауэ, ухуеймэ, умыщІэфын дунейм теткъыми, ди мурадхэр дывгъэубзыхуи, псори дызэдэІэпыкъужу Дунейпсо Адыгэ Хасэм дыщызэдэвгъэлажьэ.

**БЭВИЙ Нихьэт,**
*Нью-Джерси (США) щылажьэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм хэт.*

## Дызэзыпхыж лъэмыж

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм илъэс 25-рэ къызэринэкІащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу абы зыІэригъэхьа лъагапІэхэр тхъумэн, ипэкІэ дыкІуэтэн, зыдужьын хуейщ. Ар дуней псор зэпызыщІэ лъэпкъ лъэмыжу къыдолъытэ дэ, хэхэс адыгэхэм. Сыту жыпІэмэ, ди гугъапІэхэри плъапІэхэри зэпхар аращ. Зы хасэ цІыкІум и гуащІэкІэ е цІыху щхьэхуэм и къарукІэ тхузэфІэкІынур зыхуэдизыр зыри дыщызэкІэлъымыкІуэф, дыщызэрымыщІэ лъэхъэнэ гугъум дгъэунэхуащ. Иджы нэгъуэщІ зэманщи, къытлъыкъуэкІа Іэмалхэр къэдгъэсэбэпу, дызэрыубыдын, дызэдэбэкъуэн хуейщ. АбыкІэ къалэнышхуэ хуэгъэзэщІэнущ къэрал зыбжанэм щыщ ди къуэшхэр зыхэт Дунейпсо Адыгэ Хасэм.**

ЗЭМАНЫМ зихъуэжурэ, цІыхухэм абы зыдащІурэщ гъащІэр зэрекІуэкІыр. АтІэ апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэмрэ ди акъылрэ къарурэ зыпэлъэщынухэмрэ къэдвгъэгъэсэбэпи, ди лъэпкъ Іуэхур дывгъэгъэкІуатэ, адыгэ псоми ди зэхуэдэ гурылъым - зы дыхъужыным - дыхуэвгъэлажьэ. Нобэ а Іуэхум иужь итхэм дымылъагъункІи хъунщ абы кърикІуэнур, ауэ дяпэкІэ къытщІэхъуэнухэм я нэгу щІэкІыну тхьэм жиІэ.

Илъэси 152-рэ и пэкІэ ди адэжьхэм къащыщІар щхьэузу зиІэ дэ къетхьэжьа Іуэхум щІэблэр щымыгуфІыкІыну пІэрэ, апхуэдиз пІалъэ дэкІмэ?! Абы къикІыр сыт? ДАХ-м хузэфІэкІ щыІэкъым, жытІэу ди Іэр зэтедзауэ дыщывмыгъэсу, дывгъэлажьэ, ди къэкІуэнурщ ар нэрылъагъу щыхъунур.

**ТІАМЖЬЫКЪУЭ Умар-Фарукъ,**
*Европэм щыІэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ. Германие.*

## Къалэн нэхъыщхьэ

**Израилым щыпсэу адыгэхэр куэдрэ хэтакъым Дунейпсо Адыгэ Хасэм. Ар зэран къытхуэхъуащ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, лэжьыгъэр зэщІэуІуа хъун, кІуэтэн папщІэ абы елэжь цІыху гупым зы унафэщІ яІэн хуейщ. Апхуэдэ дыдэу хамэ къэралхэм я щхьэр щахъумэжын папщІэ адыгэхэм къыщызэрагъэпэща хасэ къудамэхэр зи нэІэ щІэт дунейпсо зэгухьэныгъэ уиІэныр Іэмал зимыІэщ.**

СИ ЩХЬЭКІЭ сыкъапщтэмэ, жаІэу зэхэсха къудейуэ арат Дунейпсо Адыгэ Хасэр дапхуэдэу лэжьами, сыт хуэдэ мардэхэм тетами. Иджы, ГъэзэщІакІуэ гупым сыхагъэхьа нэужь, ар мыхьэнэшхуэ зиІэ, лэжьыгъэ щхьэпэ щызэфІагъэкІ зэгухьэныгъэу зэрыщытыр си нэкІэ слъэгъуащ. Дэнэ щІыпІэ щыпсэу адыгэхэри дыщызэхуозэ абы, ди Іуэху еплъыкІэхэр къыщыдоІуатэ. СызэреплъымкІэ, лъэкІыныгъэ хъарзынэхэр диІэу ди лъэпкъ Іуэху зетхуэфынущ, республикэ, къэрал унафэщІхэр къыддэІэпыкъумэ.

Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, 2015 - 2018 гъэхэм лэжьэну ГъэзэщІакІуэ гупым и япэ зэІущІэм абы хэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий и деж дригъэблэгъащ. Дэтхэнэми ди гупсысэм къедэІуащ, ди упщІэхэм жэуап къритащ, къэтІэта Іуэхугъуэхэм гулъытэ зэрагъуэтынур къыджиІащ. Дауи, адыгэ Іуэхущ нэхъыбэу дызытепсэлъыхьар. ДяпэкІэ ди мурадхэм ящыщщ бзэр, фащэр, тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр хамэ къэралхэм щытхъумэныр, хэкум зыщегъэужьыныр. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къалэн нэхъыщхьэу къэслъытэр хэкум ис адыгэхэмрэ хэхэсхэмрэ зэпыщІауэ, зэлъэІэсу, зэкІэлъыгъуазэу игъэпсэун зэрыхуейрщ, апхуэдэу щытмэ, адрей псори нэхъ тыншу зэдгъэхъулІэфынущ.

**ТХЬЭУХЪУЭ Зухьейр,**
*ДАХ-м и ГъэзэщІакІуэ гупым хэт, Кфар-Камэ (Израиль) дэт Адыгэ музейм и унафэщІ.*

## Адыгэм и бэракъ

**Дунейпсо Адыгэ Хасэр адыгэм ди бэракъщ. НэгъуэщІ зыри къытхуимыщІэми, дэнэ щыпсэури зэрыгушхуэ зэгухьэныгъэщ ар. Хасэр зэрыщыІэ къудейм гур игъэкІуэдыркъым.**

НЭХЪАПЭМ ДАХ-м и зэхуэс зыбжанэ Истамбыл щедгъэкІуэкІащ. Тыркум щыпсэу адыгэхэм я дежкІэ гуфІэгъуэшхуэщ апхуэдэ зэхыхьэхэм хэтыну, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, ар щыхьэт тохъуэ ди лъэпкъ Іуэхум зыгуэр иужь зэритым, зэпыщІэныгъэм, зэрыубыдыжыныгъэм зэрыхуэлажьэм.

Хасэ къудамэхэми ахэр зэпхыжа ДАХ-ми я къалэн нэхъыщхьэр ди щэнхабзэр тхъумэнращи, абы пэлъэщу къызолъытэ, гъэ къэс и ІуэхущІафэхэм зрегъэужь, псом япэ идгъэщ бзэм толажьэ, къищынэмыщІауэ, экономикэ зэпыщІэныгъэмкІи сэбэпышхуэ мэхъу. Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрыунэхурэ нэхъ дызэкІэлъыкІуэ дыхъуащ.

Дэ зыдужьын, мурадышхуэхэм дытегушхуэн папщІэ, хэкур лъэщу, хэхэсхэр зыгъэпсэхуакІуэ, еджакІуэ, лэжьакІуэ къригъэблэгъэфу щытын хуейщ. УнафэщІхэм запищІэурэ а псори зэригъэкІуэфмэ, ДАХ-м къытхуимыщІа щыІэкъым.

**ХЕЙМАЩЭ Орхьан,**
*Истамбыл щылажьэ Узун-Йайла Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

# 1666 Хэку махуэгъэпс 2016

Адыгэ хэкупсэхэр


Къалмыкъ Юрэ (КъШР)


Жанхъуэт Кушыку (Къэбэрдей)


ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ (Къэбэрдей)


Къэзанокъуэ Жэбагъы (Къэбэрдей)


ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIэхъущыкъуэ (Къэбэрдей)


КIыщокъуэ Алим (КъБР)


МэшбащIэ Исхьэкъ (Адыгэ Республикэ)


Бэрбэч ХьэтIyтIэ (КъБР)

## ЩЫШЫЛЭ
Январь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Гъу. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Бр. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Мху. | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Мр. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Щб. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Тхь. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |

## МАЗАЕ
Февраль

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Гъу. | 2 | 9 | 16 | 23 | |
| Бр. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Мху. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мр. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Щб. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Тхь. | 7 | 14 | 21 | 28 | |

## БАДЗЭУЭГЪУЭ
Июль

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Гъу. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Бр. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Мху. | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Мр. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Щб. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Тхь. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |

## ШЫЩХЬЭУIУ
Август

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Гъу. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Бр. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Мху. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мр. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Щб. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Тхь. | 7 | 14 | 21 | 28 | |


Бэчыжь Лейлэ (КъШР)


Хьэвжокъуэ Маждэ (США)


Хъунэгу Надия (Иордание)

## ГЪАТХЭПЭ
Март

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Гъу. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Бр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мху. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Мр. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Щб. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Тхь. | 6 | 13 | 20 | 27 | |


Сэмгугъу Iэмин (Сирие)


Псыхэмыхьэ Мусэ (КъШР)


ТIамжыкъуэ Умар-Фарукъ (Германие)


Хьэlупэ Джэбрэlил (КъБР)

## ФОКIАДЭ
Сентябрь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Гъу. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Бр. | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Мху. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Щб. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Тхь. | 4 | 11 | 18 | 25 | |

## Адыгэ уситI

I

Уэ уадыгэщ, дэнэ ущымыIэми,
Дунейр уи мылъкуми, зы апэсы уимыIэми.
Уэ уадыгэщи - уи лъахэмкIэ еплъэкI,
ЕплъэкIи хуэщIэ къыумыгъанэу плъэкI.

Уэ уадыгэщ, зи гур уз уи лъапсэм
И теплъэм дэнэ къикIри зрегъэхъуапсэ,
Къехъуапсэм ищIэркъым
ди щIыр зыщIыр пшэр:
Лъы ящIэтарщ дядэжь, зытахэм псэр.

Уэ уадыгэщ. Ермоловым щIыгъуахэм
Щысхьрабгъу ямыIэу зи лъыр ягъэгъуахэм
УраIыхьлы-лыджанэщ, улIэужьщ,
УпсэухункIэ ахэри псэунщ.

Лъы защIэщ, гуауэщ адыгэм диIэр тхыдэу,
Нэхъ мащIэу дефэу, нэхъ мащIэури дышхыдэу,
ЗыкъэзыщIэж ди лъэпкъым хуэщхьэпэн
Хуэдлэжьмэ, хэкум псэуэ къыхэнэнщ.

II

Ди къуэпсыр куущ, ди тхыдэри лъы защIэщ,
КъэткIуа гъуэгуанэм къытхинэжари мащIэщ,
ИтIани псэуныгъэ - мурад гуащIэр
Адыгэ хэкум ену хуэлэжьэху,

Уэрэду, щIакхъуэ Iыхьэу, гъатхэ псынэу,
ЩIэныгъэм ич лъэбакъуэу е псэупIэу,
Сабий щыгъыныр зыгъэбыдэ дыпIэу
Ди шэрджэс гъащIэм ныхэтлъхьэхукIэ Iуэху,

Хьэршым кIуэжахэм я псэр нэхъ зэгъэнущ,
Къызыхуеплъых ди гъащIэр нэхъ гъэгъэнущ,
Псэум ди къалэн тэмэмри арагъэнущ,
Дехуэхыу - ди псэр хьэршым изэгъэху.

БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас,
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ.*

## МЭЛЫЖЬЫХЬ
Апрель

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Гъу. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Бр. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Мху. | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Мр. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Щб. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Тхь. | 3 | 10 | 17 | 24 | |


Хьэткъуэ Фатхьи (Голландие)


Щэумэн Хьэзрэт (Адыгэ Республикэ)


Къумыкъу Мамдухь (Сирие, адэжь хэкум къигъэзэжащ)


Къэрмокъуэ Хьэмид (КъБР)

## ЖЭПУЭГЪУЭ
Октябрь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Гъу. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Бр. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Мху. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Мр. | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Щб. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Тхь. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |


Щхьэлахъуэ Iэбу (Адыгэ Республикэ)

## НАКЪЫГЪЭ
Май

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Гъу. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Бр. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мху. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Мр. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Щб. | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Тхь. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |

## МЭКЪУАУЭГЪУЭ
Июнь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Гъу. | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Бр. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мху. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мр. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Щб. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Тхь. | 5 | 12 | 19 | 26 | |

## ЩЭКIУЭГЪУЭ
Ноябрь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Гъу. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Бр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мху. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Мр. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Щб. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Тхь. | 6 | 13 | 20 | 27 | |

## ДЫГЪЭГЪАЗЭ
Декабрь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Гъу. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Бр. | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Мху. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Щб. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Тхь. | 4 | 11 | 18 | 25 | |


Къущхьэ Догъан (Тырку Республикэ)


Уэхъутэ Александр (КъШР)


Хъуажь Фахъри (Тырку Республикэ, Налшык щопсэу)


Ширдий Маринэ (КъБР)


Шыкъ (Думэн) Чечек (США)


Щоджэн Iэминат (КъБР)


МэшхуэфI Нэждэт (Тырку Республикэ, Мейкъуапэ щопсэу)


Атэбий Игорь (КъБР)

Редактор нэхъыщхьэхэр:
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд («Адыгэ псалъэ»)
ДЕРБЭ Тимур («Адыгэ макъ»)
ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ («Черкес хэку»)

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къ., Ленинным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.576
Заказ №650